ФыкъимыкIуэт, фефIакIуэ!

2-нэ нап.

Зи тхыгъэхэр гъащIэм жыы дэмыхъу

3-нэ нап.

Грузиеми Урысейми я чемпион Хьэпэ Заур

4-нэ нап.



IэщэщI цIэрыIуэм и зэфIэкIхэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

I924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№127 (24.721) • 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 22, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гъуэгу IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ зэрехъуэхъур

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэу, ветеранхэу пщIэ зыхуэсщIхэ! IэщIагъэмкIэ фи махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу.

Республикэм и гъащIэм гъуэгу IэнатIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ, ар зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыным куэдкIэ елъытащ экономикэм, инфраструктурэм заужьыныр, транспорт зэпыщIэныгъэм и шынагъуэншагъэр, республикэм и цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр.

Фи махуэшхуэм фрихьэлIащ ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр фиIэу. Псэемыблэжу, жэуаплыныгъэ фхэлъу лэжьыгъэм фызэрыпэрытым и фIыгъэкIэ иужьрей илъэсхэм а IэнатIэр зыужьыныгъэфIхэм хуэкIуащ. «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ иужьрей илъэсхэм зыхуей хуагъэзэжащ автомобиль гъуэгуу километр 1000-м нэблагъэ, километр 300 уэздыгъэхэмкIэ ягъэнэхуащ. Транспорт зэхэкIыпIэхэр, лъэмыжхэр, уэрамхэр яухуэ, къагъэщIэрэщIэж. А лэжьыгъэхэр псори хуэунэтIащ гъуэгухэр тыншу, шынагъуэншэу щытыным.

Лэжьыгъэм фи гуащIэшхуэ зэрефхьэлIэм, фи Iэзагъым папщIэ фIыщIэ фхузощI. Узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыгъэ, ехъулIэныгъэщIэхэр фиIэну сынывохъуэхъу.

Зы илъэскIэ нэхъ пасэу

Аргудан - Александровскэ автомобиль гъуэгур сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжри, къызэIуахыжащ. Ар хохьэ къэралпсо мыхьэнэ зиIэ гъуэгу нэхъыщхьэхэм, гъунэгъу хэгъэгухэр, езы щIыналъэм хыхьэ Лэскэн, Аруан, Тэрч, Май районхэр зэпещIэ. Зэрагъэпэщыжа гъуэгум и кIыхьагъыр километр 16,5-м щIегъу. Жэщ-махуэм къриубыдэу абы щызокIуэ автомобиль мин 14-м нэблагъэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** зэIущIэр къыщызэIуихым гъуэгу IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ ехъуэхъуащ икIи къыхигъэщащ ахэр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху зэрыпэрытыр: «Фи лэжьыгъэм и уасэр къыпхуэмылъытэнщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, фэ къызывогъэпэщ республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ я шынагъуэншагъэр. Фэ фогъэзащIэ икъукIэ лэжьыгъэ щхьэпэ, си щхьэкIэ, щIыналъэм щыпсэухэм къабгъэдэкIыу фIыщIэшхуэ фхузощI республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуэфщIым папщIэ. IэнатIэм иджырей техникэ нэхъыфIхэр къыщагъэсэбэпми, фэ фыхэмыту гъуэгу ухуэныр зэфIэкIынукъым. - Дэ адэкIи зедгъэужьынущ республикэм и къуажэхэр, щIыналъэхэр зэпызыщIэ гъуэгу ухуэныгъэм», - жиIащ республикэм и УнафэщIым.

ЗэIущIэм щагъэлъэпIащ IэнатIэм и лэжьакIуэ пашэхэр. ГуфIэгъуэ Iуэхум хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн**, щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, гъуэгуухуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр.

Гъуэгур зыхуей хуэгъэзэныр зыхуагъэувыжа пIалъэм нэмысу, зы илъэскIэ нэхъ пасэу, хьэзыр ящIащ. Зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ Аргуданрэ Бжэкъалэрэ зэпызыщIэ километр 12 зи кIыхьагъ гъуэгум, апхуэдэуи Аргудан къуажэм Iэрамысэм и цIэр зезыхьэ и уэрамым.

Гъуэгур зыхуей хуэгъэзэжын, ар нэхъ бгъуфIэ щIын зэрыхуейр къуажэдэсхэм мызэ-мытIэу жаIащ. Лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ къыхалъхьа «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ. Жылагъуэхэр зэпызыщIэ гъуэгу нэхъыщхьэм лъагъуиплIу зрагъэубгъуащ, шынагъуэншэу щытын папщIэ ахэр зэпагъэщхьэхукIащ. Лэжьыгъэр ухуэныгъэм къигъэув технологие мардэ нэхъыщхьэхэм тету зэфIагъэкIащ.

Псори зэхэту мы илъэсым зыхуей хуагъэзэжынущ хэгъэгу, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгуу километри 150-рэ. Лэжьыгъэхэр щокIуэкI Шэджэм-2 Булунгу, Старэ Шэрэдж Котляревскэ гъуэгухэм, Шэрэдж Ищхъэрэм и гъунапкъэм, Бахъсэн екIуалIэ Iыхьэхэм.

ЕтIанэгъэ зэрагъэпэщыжыну я мурадщ хэгъэгу, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгуу километри 130-м нэблагъэ, лъэмыж ухуэныгъэу 10.

Сабий зиIэ унагъуэхэм защIэгъэкъуэныр япэ ирагъэщ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

«ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ хухах сыхьэтым» хыхьэу, депутатхэр тепсэлъыхьащ бынунагъуэшхуэхэм зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэм.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ къаIэта Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Нобэ, санкцэхэр къыттракъуэзми, унагъуэхэм ядэIэпыкъуныр лъэныкъуэ едгъэзэкъым, уеблэмэ абы зыдогъэубгъу. Къэралым щыгъэбелджылащ сабийр дунейм къытехьэным анэр щежьэ пIалъэм къыщыщIдзауэ ар балигъ хъуху зэрызыщIагъакъуэр, - жиIащ абы. - Къалъхум и бжыгъэм хэгъэхъуэныр Урысейм и мурад нэхъыщхьэхэм ящыщщ, ар къэралыр лъэрызехьэу щытыным и хэкIыпIэщ. УФ-м и Президент Путин Владимир зэрыжиIащи, унагъуэхэм сабий куэд къащIэхъуэн папщIэ, апхуэдэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн хуейщ. Депутатхэри щIэх-щIэхыурэ дытопсэлъыхь бынунагъуэшхуэхэм я пщIэр къэIэтыжа зэрыхъуным. Абы щыгъуэми, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым сомкIэ защIэдгъэкъуэным и мызакъуэу, мыхьэнэшхуэ зиIэ лъапIэныгъэхэми гулъытэ хуедгъэщIын зэрыхуейр».

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Асанов Алим** жиIащ «КъБР-м цIыхухэм дэIэпыкъуэгъу зэрыщахуэхъур» къэрал программэм хыхьэу, сабий етхуанэрэ нэхъыбэрэ къэзылъху анэхэм щIыналъэ ахъшэ е унагъуэм я псэукIэр ирагъэфIэкIуэным хуэгъэза дэIэпыкъуныгъэ зэрыратыр. 2024 гъэм и мазибгъум къриубыдэу а Iуэхум трагъэкIуэдащ сом мелуан 27-рэ.

Бынунагъуэшхуэхэм я пщIэр къаIэтыным хуэгъэзауэ республикэм щат «Анэм и щIыхь» медалыр. Дамыгъэр хуагъэфащэ сабиитху е нэхъыбэ къэзылъхуа, зыхуей хуэзэу, гъащIэм хэзагъэу зыпI бзылъхугъэхэм. Апхуэдэ гулъытэм щIагъу сабий къэс хуэзэу сом мин 30. БынипщIрэ нэхъыбэрэ зыпIа, зыгъэса цIыхубзым микроавтобус ират.

Асановыр тепсэлъыхьащ цIыху щхьэхуэхэм къэралым зэрызыщIигъакъуэми. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху щхьэхуэхэм ягъуэт къэрал дэIэпыкъуныгъэм теухуауэ» республикэ Закон №57-РЗ-м ипкъ иткIэ, 2009 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ балигъ ныбжьым нэмысауэ сабиищрэ нэхъыбэрэ зиIэ бынунагъуэшхуэхэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIатым и уасэм и процент 30-р иратыж. 2024 гъэм и мазибгъум ику иту сом 2400-кIэ зызыщIагъэкъуахэр унагъуэ 9769-рэ мэхъу.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, цIыхубзыр щыуэндэгъум щегъэжьауэ сабийр илъэс 17-м нэсыху мазэ къэс къэралым зэрызыщIигъакъуэр зэтеублащ. 2024 гъэм а дэIэпыкъуныгъэм сом мелард 29-м нэблагъэ хухахащ. Жэпуэгъуэ мазэм ирихьэлIэу, дэIэпыкъуныгъэр унагъуэ мин 81-м щIигъум (псоми зэхэту сабий мини 172,4-рэ яIэу) яIэрыхьащ - сом мелард 18,5-м щIигъу хуэзэу.

Социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэхуэмыдэу 7 зыIэрыхьэхэр унагъуэ мин 12-м щIегъу (сабий мин 13 къызэщIаубыдэ). Дызэрыт илъэсым и мазибгъум абы текIуэдар щхьэдэхащ сом мелуан 500-м. Сабийр къыщалъхуам деж зэрызыщIагъакъуэр сом 4034-р мэхъу.

Сабиищрэ нэхъыбэрэ зэуэ къэзылъхум республикэм ирет сабий къэс сом мин 50 зырыз.

Сабийр илъэсрэ ныкъуэм къыщыщIэдзауэ илъэсищ хъуху зэрыкIэлъыплъым пэкIуэу, мазэ къэс ят сом 464,76-рэ. Сабий ныкъуэдыкъуэм кIэлъыплъыным сом 1859-рэ хуозэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

ЦIыхубэм яхуэщхьэпэныр и къалэн нэхъыщхьэт

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъ» зыфIаща урысейпсо шыгъажэ зэхьэзэхуэр къыщызэIуахa дауэдапщэм. Ар щекIуэкIащ «Джэдыкъуэ Плъыжь» шы-спорт комплексым.

ШЫГЪАЖЭМ хэтыну Джэдыкъуэ къекIуэлIат цIыхуи 100-м щIигъу. КIуэкIуэ Казбек ар къызэзыгъэпэщахэми, и адэр фIыкIэ зигу къэзыгъэкIыж и къуажэгъухэми, шыгъажэм хэтхэми фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ. «Ди адэр цIыхубэм папщIэ псэуащ, абыхэм яхуэщхьэпэным нэхърэ нэхъ къалэн лъапIэ щымыIэу къилъытэу», - жиIащ республикэм и УнафэщIым. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ шы спортыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и хамэу зэрыщымытыр, ар щIалэгъуалэр зэрагъасэ Iэмалхэм язу къызэрыгъуэгурыкIуэр.

КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъкIэ шыгъажэр иджы еянэ ирагъэкIуэкI, 2015 гъэм щегъэжьауэ. 2022 гъэм ар КИФЩI-м щекIуэкI чемпионат ящIащ, илъэс блэкIам щегъэжьауэ урысейпсо мыхьэнэ игъуэтащ. «Джэдыкъуэ Плъыжьыр» шыгъажэ инфраструктурэкIэ нэгъэсауэ къызэгъэпэщащ, ар къалъытэ къэралым и шыгъэжапIэ нэхъыфIхэм язу. Къэбэрдей-Балъкъэрым шы гъэхъукIэ хабзэхэр зэрыщызэтеувэрэ куэд щIащ, иджы Джэдыкъуэр ядолажьэ къэралым ит шыгъажэ клубхэм.

Шыгъажэм спорстмени 110-рэ Урысейм и щIыналъэхэмрэ хамэ къэралхэмрэ къикIауэ хэтащ: КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Мэзкуу, Санкт-Петербург, Мэзкуу областым, Краснодар крайм, Беларусь республикэмрэ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэмрэ.

КъэпщытакIуэхэм я унафэкIэ километри 160-рэ зэпызычахэм къыщыхэжанык Iахэр мыпхуэдэу ягуэшащ. Япэ увыпIэр Павленкэ Юлие (Мэзкуу область) къихьащ, Эль Сеньор шым тесу, етIуанэр - Пономаренкэ Александр (Мэзкуу область), Эхо де Монтпанон шым тесу, ещанэ увыпIэр - Васильевэ Екатеринэ (Мэзкуу область), Мотивацие шым тесу.

Километри 120-рэ зэпызычахэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Непрынцевэ Дарье (Мэзкуу), Бейринг де Транклин шым тесу, етIуанэ увыпIэр - Махуэ Мухьэмэд (КъБР), и шым и цIэр Баниwурщ, ещанэ увыпIэр - IэшШиблий Мухьэмэд (Хьэрып Эмират Зэгуэтхэр), Фристайл шым тесу.

Километри 120-рэ зэпызыча ныбжьыщIэхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Павловская Гретэ (Ленинград область), Вивьен Ли шым тесу, етIуанэ увыпIэр - Дуненковэ Александрэ (Мэзкуу), Бинди шым тесу, ещанэ увыпIэр - Безрук Викторие (Мэзкуу), Бэль Петеги шым тесу.

Километр 80 зэпызычахэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Шевчук Екатеринэ (Мэзкуу область), и шым и цIэр Наоми Эздечщ, етIуанэ увыпIэр - Махуэ Iэхьмэд (КъБР), Тайкъан шым тесу, ещанэр - Мэрем Елдар (КъБР), Тайфун шым тесу.

Километр 80 зэпызыча ныбжьыщIэхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Вэрокъуэ Елдар (КъБР), Сакс шым тесу, етIуанэр - Пановэ Софье (Липецк область), Маркус шым тесу, ещанэр - Шэшэн Аделинэ (КъБР), Туман шым тесу.

Километр 40 зэпызычахэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Къунаш Алимбэч, Нарадная шым тесу, етIуанэр - Дзу Сэлам, Сандрэ шым тесу, ещанэр - Быф Заурбий (КъБР), Меот шым тесу.

ТекIуахэмрэ къыхэжанык Iахэмрэ кубоккхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр, фэеплъ саугъэтхэр иратащ. Километри 160-рэ километри 120-рэ зэпызычахэм ахъшэ саугъэт иратащ.

Зэпеуэм хэтащ Бахъсэн щIыпIэ администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчими. IэтI-ТIарикъ шым тесу. Абы километр 40-м и спорт нагъыщэр зыIэригъэхьащ.

Шыгъажэр къызэрагъэпэщащ Урысейм шы спортымкIэ и федерацэм, Бахъсэн къалэм и щIыпIэ администрацэм, Мэзкуу щыщ «Отрадэ» шы спорт комплексым.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

• Дызэкъуэту

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я сайт

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым «Госвеб» платформэм нэхъ зегъэубгъуауэ къыщызэIуихыжащ къэрал, муниципальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ портал зэгъэуIуам и напэкIуэцI. Абы итщ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ лIыхъужьхэм я унагъуэхэмрэ папщIэ ягъэхьэзыра хъыбарегъащIэхэр.

НЭХЪЫЩХЬЭ дыдэхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIэхэм, абы щыIахэм е лIыхъужьхэм я унагъуэхэм пщIэншэу юридическэ IуэхутхьэбзэяхуэщIэным хухаха Iыхьэр. «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ зыкъыхуагъэзащ упщIэ мин 14-кIэ. Абыхэм я процент 60-р юридическэ Iуэхущ.

Сайтым юридическэ IуэхутхьэбзэхэмщIыхухаха и Iыхьэр гуэшыжащ СВО-м и ветеранхэм, фэбжь хэзыхахэм, къулыкъу зыщIэу хэкIуэдахэм я унагъуэхэм яхуэгъэза лIэужьыгъуэхэу. СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ юридическэ чэнджэщ ягъуэтынущ къэрал IуэхущIапIэхэм сыт хуэдэ тхыгъэкIэ зыхуагъэзэн хуей хъуми.

Фондым и пресс-IуэхущIапIэм къызэрыхигъэщамкIэ, цIыхухэм зыкъызэрыхуагъэзэ упщIэхэм зэтехуэ куэд яхэтщ. Ар къалъытэри, сайтым щхьэхуэу иралъхьащ нэхъыбэ дыдэу зыщIэупщIэхэм я жэуап хьэзырхэр.

ГЪУЭТ Синэ.

Ди къуэш республикэхэм

ЩIалэгъуалэм зрагъэужь

АДЫГЕЙ. **Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат зригъэлъэгъуащ Мейкъуапэ дэт «Адыгейм и щIалэгъуалэ» IуэхущIапIэр зыхуей хуэгъэзэжыным теухуа лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр**.

- АДЫГЕЙМ и щIалэгъуалэм, абыхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я мурадхэр щыпхагъэкI IуэхущIапIэу щытынущ мы унэр, - жиIащ КъумпIыл Мурат.

Абы къыщызэрагъэпэщынущ щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр, я лэжьыгъэр яхуэгъэкIуэтэнымкIэ зыхуеину псори. Унэм хэтынущ щIалэгъуалэм зэIущIэ зэхуэмыдэхэр щрагъэкIуэкIын, зыщагъэпсэхун, щызэдэуэршэрын пэшхэр.

- Си фIэщ мэхъу щIалэгъуалэм я жыджэрагъымрэ мурадыщIэхэмрэ утыку къыщрахьэ щIыпIэ екIу мы IуэхущIапIэр зэрыхъунур, - дыщIигъуижащ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

Зэрызэдэлэжьэнум Iэ щIадзащ

АБХЪАЗ. **«Россия спортивная держава» XII дунейпсо спорт зэхыхьэм къриубыдэу, республикэм ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ спортымкIэ и комитетымрэ мылъку къегъэщIыным зи Iуэхур темыухуа «Къэрал къулыкъущIапIэм и центральнэ спорт советымрэ» (ЦСС ГС) зэрызэдэлэжьэну щIыкIэмкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ**.

МУРАД нэхъыщхьэр полицей дунейпсо джэгухэр къызэрагъэпэщу ирагъэкIуэкIыным теухуауэ зэдэлэжьэнырщ.

Дэфтэрым Iэ щIадзащ къэрал комитетым и унафэщI Хьагъбэ Таращрэ ЦСС-м ГС-м и унафэщI Каменцев Сергейрэ.

Абхъаз командэхэр дунейпсо джэгухэм хэтыным зи нэIэ тетынур милицэм и подполковник, Абхъаз Республикэм и МВД-м и гуп хэхам и унафэщI Чачхилие Дадынщ.

Егъэджак Iуэ IэщIагъэм драгъэхьэх

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Алиев У.Д. и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым щызэхаублащ Педагогикэ щIэныгъэ фестиваль. Ар къыщызэIуахым кърагъэблэгъари Мара-Аягъы поселкэм и курыт еджапIэ №2-м и класс нэхъыщхьэхэм щIэсхэм университетым зыщаплъыхьащ**.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ яхутепсэлъыхьащ егъэджакIуэ IэщIагъэм цIыхум зиуэзэщIыным теухуауэ иIэ мыхьэнэм, абы хуеджэхэм хуищI гулъытэм.

ШколакIуэхэр щыIащ Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ институтым, ахэр еплъащ сурэтхэм, ятIэ гъэжьам къыхащIыкIа хьэпшыпхэм, иджырей дизайным хуэIэкIуэлъакIуэхэм я лэжьыгъэхэм.

ШколакIуэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ КъШКъУ-м щеджэхэм я советым и унафэщI Кубеков Амир къажриIахэр. Ар тепсэлъыхьащ ирагъаджэхэр университетым и Iуэхухэм зэрыхэтым, студентхэр зэзышалIэ клубхэмрэ секцэхэмрэ. А псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ щIалэгъуалэм я зэфIэкIым зегъэужьыным теухуауэ.

Фестивалыр траухуащ педагогикэ факультетыр мы гъэм илъэс 45-рэ зэрырикъум. Iуэхухэр ирагъэкIуэкIынущ жэпуэгъуэм и 25-м пщIондэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сабий зиIэ унагъуэхэм защIэгъэкъуэныр япэ ирагъэщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Зи хэхъуэр цIыхур ирипсэун папщIэ я нэхъ мащIэу зыхуэдизын хуейм нэмыс унагъуэм и япэ сабийр гъэсапIэм зэригъакIуэм щIит пщIэм и процент 20-р иратыж, етIуанэм папщIэ - процент 50-р, ещанэмрэ къыкIэлъыкIуэхэмрэ щхьэкIэ - процент 70-р. 2024 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ бынунагъуэшхуэхэм сабий гъэсапIэхэм трагъэкIуэдар проценти 100-у иратыж хъуащ.

2020 гъэм и щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 31 пщIондэ бын ещанэ, еплIанэ къызыхэхъуауэ министерствэм и учётым щытыр унагъуэ 3474-рэ мэхъу - сабий 3552-рэ къызэщIаубыдэ. Абыхэм псоми зэхэту сом мелуан 372-м щIигъукIэ зыщIагъэкъуащ. 2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм щIидзэн ипэ къихуэу, унагъуэ хуэмыщIахэм щыпсэу ныбжьыщIэ 2499-м сом мин щырыщ иратащ (псоми зэхэту ар сом мелуани 7,5-м нэблагъэ хъууэ).

2024 гъэм унагъуэ хуэмыщIа 530-м, бынунагъуэшхуэхэри яхэту, къэралым защIигъэкъуащ сом мелуани 6,5-м щIигъу хуэзэкIэ.

Асановым зэрыжиIамкIэ, къэралыр зэрадэIэпыкъу щIыкIэм зрагъэубгъуащ, социальнэ зэгурыIуэныгъэм тещIыхьауэ. 2014 - 2019 гъэхэм къриубыдэу, хуэмыщIа цIыхуи 160-м апхуэдэ зэгурыIуэныгъэм Iэ традзащ, Iэщ, джэдкъаз ягъэшхэну къащэхуным теухуауэ. 2024 гъэм апхуэдэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ цIыху 412-м - абыхэм сом мелуан 54-м щIигъукIэ зыщIагъэкъуащ.

- Ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ, дэIэпыкъуныгъэм щыгугъыу щымысу, щхьэж и къару къигъэсэбэпыфу щIынри. Социальнэ зэгурыIуэныгъэхэм я фIыгъэкIэ, 2024 гъэр къызэрихьэрэ унагъуи 166-м езым я хьэрычэт Iуэху къызэIуахыжыфащ. Псэуным теухуауэ гугъу ехь унагъуэхэр къэралым защIигъэкъуэну хьэзырщ сом мин 350-м нэскIэ. ЗэрыжысIауэ, нэхъыщхьэр унагъуэхэм я Iуэху зэрахуэжыфу егъэсэнырщ, - жиIащ къэпсэлъам.

Егоровэ Татьянэ къытеувыIащ иужьрей зэманым щIыналъэ куэдым узыщрихьэлIэ хъуа зы Iуэхум - дэIэпыкъуныгъэр къаIэрыхьэн мурадкIэ, зэщхьэгъусэхэр зэбгъэдэкIыжа хуэдэу зэрагъэтх зэрыхъуам. А Iуэхур зэрызэхагъэкIынум теухуауэ УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм жэрдэм зыбжанэ къыхилъхьащ. Ахэр гъэзэщIа зэрыхъум щIэупщIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIыр.

Асановым жиIащ сабийм кърат ахъшэр нэхъыбэ хъун щхьэкIэ, апхуэдэ Iэмалыр къызэрагъэсэбэпыр. УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэмрэ Пенсэ фондымрэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкI зэщхьэгъусэхэр зэбгъэдэкIыжа нэужь, адэ-анэм я зэхущытыкIэхэр Iуэхум къыщылъытауэ ящIыным ехьэлIауэ. Псалъэм папщIэ, Пенсэ фондым Iэрагъэхьэн хуейщ зэбгъэдэкIыжын щхьэкIэ дэфтэр къагъэлъэгъуахэр. КъищынэмыщIауэ, цIыхур ирипсэун папщIэ зыхуейр щынэхъыбэ щIыналъэхэм Iэпхъуэхэр - я хэхъуэмкIэ дэIэпыкъуныгъэр къурату къикIын папщIэ - къызэрыщIагъэщыну Iэмалхэми хуекIуэнущ.

- Апхуэдэ мурад яIэу зэбгъэдэкIыжхэри Iэпхъуэхэри иджыри щыIэ къыщIэкIынщ. Ауэ зи гугъу тщIы Iэмалхэр къэдгъэсэбэпу щIэддзэмэ, си гугъэмкIэ, цIыхухэм къагурыIуэнущ уи закъуэу упсэу нэхърэ унагъуэу упсэумэ зэрынэхъыфIыр, - дыщIигъуащ Асановым.

Егоровэр щIэупщIащ сабиитху зиIэ унагъуэхэм я псэукIэр ирагъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ анэм ират щIыналъэ ахъшэм хагъэхъуарэ а зэрыщытым хуэдэу къэнарэ. «КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыхилъхьауэ, 2024 гъэм и щIышылэм щегъэжьауэ а дэIэпыкъуныгъэр сом мин 500 хъуащ. Нэхъ ипэкIэ ар сом мин 250-рэ хъууэ арат», - жиIащ къэпсэлъам.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** жиIащ сабиитхурэ нэхъыбэрэ зыпI анэхэм «Анэм и щIыхь» медалыр зэрамыIэмкIэ депутатхэм зыкъызэрыхуагъэзар. Ар щIэупщIащ а дамыгъэр зыхуагъэфащэхэр къызэрыхах щIыкIэм.

Асанов Алим жиIащ ар зратынухэр муниципалитетхэм зэрыщагъэбелджылыр икIи Iуэхугъуит Iым тещIыхьауэ къызэрыхахыр. Япэр - сабийхэр цIыкIуу щытын хуейкъым, зыхуей хуэзэу, гъэсауэ къызэрытэджыр нэрылъагъу хъун хуейщ, етIуанэр - тхум я зыр балигъ ныбжьым нэмысауэ щытыпхъэщ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэхэу **Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ** и гугъу ящIащ бынунагъуэшхуэхэм щыщ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр къызэрыхузэрагъэпэщым.

Асановым къыхигъэщащ загъэпсэхуну, я узыншагъэм кIэлъагъэплъыну мы зэманым республикэм и сабий мини 7 - 8-м апхуэдэ Iэмал зэраIэм, къэкIуэнум а бжыгъэм хагъэхъуэфыну зэрыгугъэр. Абы сэбэп хуохъу, псалъэм папщIэ, сабийхэм ятещIыхьа лагерхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр.

ЗэIущIэм щыжаIахэр къэлъытауэ, депутатхэм унафэ зыбжанэ ягъэхьэзыращ.

***

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри къыщаIэтащ. Апхуэдэу къыхалъхьащ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр жэпуэгъуэм и 31-м ирагъэкIуэкIыну.

КъищынэмыщIауэ, къыхалъхьащ «КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и Положенэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» унафэм и проектыр.

Депутатхэр хэплъащ «Полицэм теухуауэ» Федеральнэ законым и Iыхьэ 12-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлIауэ» Федеральнэ законым и проектым. Ар игъэхьэзыращ КъБР-м и Парламентым хабзэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэн IуэхухэмкIэ и комитетым. Утыку кърахьащ мафIэс шынагъуэншагъэм, гъущIгъуэгу транспортым, гъуэгум зэрыщызекIуэр къызэгъэпэщыным теухуауэ нэгъуэщI щIыналъэхэм ягъэхьэзыра федеральнэ законхэмрэ жэрдэмхэмрэ.

КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъкIэ республикэм и мэкъумэш IэнатIэм и лэжьакIуэ зыбжанэ ягъэлъэпIэну къагъэлъэгъуащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Бэлыхьымрэ хьэзабымрэ зышэчахэр

УФ-м и Компартым къызэригъэпэща «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэтхэм, жьы хъуа цIыхухэм жэпуэгъуэ мазэр зэрыхухахар я тегъэщIапIэу, республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэт щэнхабзэмкIэ унэхэм, курыт еджапIэхэм зэхыхьэ дахэхэр щызэхашэ.

АПХУЭДЭУ, зи гугъу тщIа а зэгухьэныгъэм Шэджэм щIыналъэм щиIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Уэрыш Мушэрифрэ компартым и район къудамэм и япэ секретарь Мэкъуауэ Анетэрэ, жэпуэгъуэ мазэм махуэ зырыз хухахауэ, къуажэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэхэмрэ школхэмрэ зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэмрэ абы къыкIэлъыкIуа илъэсхэмрэ зи сабиигъуэр хиубыда нэхъыжьыфIхэм ягъэва гугъуехьымрэ хьэзабымрэ зыхуэдам щIалэгъуалэр щыгъуазэ щыхуащIу.

Апхуэдэ зэхыхьэхэм ящыщу Шэджэм къалэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэрагъэпэщам щызэIущIащ «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэр, щIыпIэ администрацэм щыщхэр, егъэджакIуэхэр, школакIуэхэр.

Мэкъуауэ Анетэ нэхъыжьыфIхэм защыхуигъазэм, жиIащ: «Дэ зэи тщIыгъупщэ мыхъун Iуэхущ фэ бэлыхьу фшэчамрэ вгъэвамрэ зыхуэдизыр. Фи псэ фемыблэжу фыщIэлэжьар щIэблэм и къэкIуэнум папщIэщ. Нобэ мыбдеж дыщIызэхуэсар фи гуащIэдэкIым пщIэ зэрыхуэфащэр къытщIэхъуэ щIэблэм ящIэн щхьэкIэщ. Дэ къыздэтхьащ «Зауэм и бынхэр» псалъэхэр зытет медалхэр. Ахэри фхэтлъхьэу, фи нэгу зедгъэужьыныршщ, зывэдгъэгъэпсэхуныршщ ди мурадыр».

АдэкIэ утыкум къихьащ Уэрыш Мушэриф. Абы, «фэ, нэхъыжьыфIхэм, фшэча гугъуехьыр зэхэзыщIыкIын ди щIалэгъуалэр Тхьэм ищI!» жиIэри, зэхуэсым къыздахьа медалхэр нэхъыжьыфIхэм яхилъхьащ, зырызыххэу я цIэ кърилуэурэ.

ЩэнхабзэмкIэ унэм и къэфакIуэ гупымрэ уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэмрэ ягъэлъэгъуа концерт кIэщI цIыкIумкIэ зэIущIэр зэхуащIыжащ.

КЪАНКЪУЛ Зазий.

ЩIыуэпсыр хъумэным и закъуэкъым

● ЗэIущIэхэр

Жэпуэгъуэм и 18-м екIуэкIащ «ЩхъуантIэхэр» урысей политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ партым и щIыналъэ къудамэм 2019 - 2024 гъэхэм илэжьам.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат, щIэныгъэлI Щхьэгъэпсо Сэфарбий, «ЩхъуантIэхэр» партым къыбгъэдэкIыу КъБР-м и Парламентым и депутат Алтуев Аслъэн, партым и щIыналъэ къудамэр къызэзыгъэпэщауэ щыта, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор Мэшыкъуэ Нурхьэлий, езы партым щыщхэр.

- ЩIыуэпсыр хъумэным хуэлажьэ гуэрым щытепсэлъыхькIэ, псоми я гугъэщ дэ кIэрыхубжьэрыхухэр къэтщыпу, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным цIыхухэр къыхуедджэу уэрамым дыдэ-ту. Куэдым къагурыIуэркъым щIыуэпсым и щытыкIэм политикэри, экономикэри, щыIэкIэ-псэукIэри зэрелъытар. «Удзыфэхэр» партым КъБР-м щиIэ къудамэм игъэзащIэ къалэнхэмрэ зэфIих лэжьыгъэмрэ къыбгурыIуэнущ абы хэтхэм я щIэныгъэмрэ къулыкъумрэ зыщыбгъэгъуазэмэ. Псалъэм папщIэ, абыхэм я процент 80-р щIэныгъэлI защIэщ: щIэныгъэхэмкIэ докторхэр, профессорхэр, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и академикхэр. Дэтхэнэми и щIыб къыдэтщ аспирантхэр, магистрхэр, студентхэр. Ахэр псори дэ къыдбгъэдэкIыу хэтщ щIэныгъэ зэIущIэхэм, дэтхэнэри партым хуолажьэ. Ди нобэрей зэIущIэм кърихьэлIащ щIыуэпсыр хъумэнымрэ абы и хъугъуэфIыгъуэхэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпынымкIэ КъБКъУ-м къудамэ къыщызэзыгъэпэщауэ щыта, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор Мэшыкъуэ Нурхьэлий. 1990 гъэхэм абы кърихьэжьа Iуэхур нобэм къэсащ, партыр зытелажьэри абы щыгъуэ Мэшыкъуэм гъуазэу иIа Iуэху щхьэпэрщ. Абы и закъуэкъым... «ЩIымылым и щхьэкIэрщ псым къытещыр, псы лъабжьэм щIэлъщ нэм зэи имылъагъу лъабжьэшхуэр. Апхуэдэщ «ЩхъуантIэхэм» фи лэжьэкIэр», - гу лъитащ ди щIыналъэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Пэжщ ар. Адрей партхэм псоми зэхэту ялэжьым хуэдиз «ЩхъуантIэхэм» я закъуэ ялэжь, жысIэми сыщыуэну къыщIэкIынкъым. ЩIыуэпсыр хъумэным папщIэ зэфIэтхым къищынэмыщIауэ, СВО-м щыIэхэми защIыдогъакъуэ. Партым жыджэ-ру хэт Алтуев Аслъэн и нэIэ щIэтщ а лэжьыгъэр, икIи машинэхэм деж къыщыщIэдзауэ ди сэлэтхэр зыхуеину псори ещIэри, щIэхщIэхыурэ якIылъогъуазэ. Къыхэгъэзэгъэщыну сыхуейт, едгъэкIуэкIа лэжьыгъэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым ди щIыналъэ къудамэм къытекIуэн зэрахэмытыр. Ар партым хэтхэм псоми ди зэхуэдэ ехъулIэныгъэщ, ауэ еш имыщIэу и къалэнхэр ебэкIыу зыгъэзэщIа Алтуев Аслъэн фIыщIэ лей хуэсщIынут, - жиIащ Щхьэгъэпсом.

«ЩхъуантIэхэм» я къэпщытакIуэ комиссэм къызэритамкIэ, блэкIа пIалъэм къриубыдэу сыт хуэдиз лэжьыгъэрэ дауэдапщэрэ ирагъэкIуэкIами, псори абы хэтхэм я мылъкукIэщ зэрагъэзэщIар, икIи къэралым къарит мылъку зэи яIакъым.

- Ди Iуэхур къытщигъэпсынщIэнут икIи хуабжьу ди гуапэ хъунут къэралым мылъку къытхуиутIыпщу щытамэ, - къыхигъэщащ партым хэт КъуэщIысокъуэ Хьэжпагуэ.

- Ди партым хэтхэм и нэхъыбэр щIэныгъэлIщ. Абы къыхэкIыу, къыхэтлъхьэ IуэхухэмкIи длэжьхэмкIи адрей партхэм япэ дитын хуейуэ къызолъытэ. Аллергием теухуауэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэр щIэзгъэхуэбжьэнут. Ди къэкIыгъэхэр хъумэным ехьэлIа хабзэ щыIэтэкъыми, ар дубзыхури унафэщIхэм я пащхьэ итлъхьати, къащтакъым, финансхэмкIэ министерствэм къытхуидакъым. Зи гугъу сщIа IуэхугъуитIыр нэтщIысыну, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм нэхъ жыджэру дадэлэжьэну къытпэщылъщ. ЦIыхухэм ящIэн хуейщ ди къудамэм илэжьыр зыхуэдизыр. ЩIыуэпсыр хъумэным и закъуэкъым дэ къалэну диIэр. Ар куэду зытеупIэщIыкI лэжьыгъэщ. Уеблэмэ жылагъуэр, щIэблэр щIыуэпсым хуэсакъыу гъэсэныр ди пщэ дэлъу къызолъытэ, - жиIащ Щхьэгъэпсом зэIущIэм и кIэм.

Партым хэтхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзэу къэпсэлъащ КъБР-м и Парламентым и депутат Алтуев Аслъэн, Химиемрэ биологиемкIэ КъБКъУ-м и институтым и егъэджакIуэ нэхъыщхьэ Романовэ Татьянэ, КъБКъУ-м Химиемрэ биологиемкIэ и институтым биологиемрэ геоэкологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI Пэрыт Анзор сымэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● КIэщIу

Къэбым и чэзущ

Къэбым и фIыгъуэ дыдэщ иджыпсту. А хадэхэкI гуакIуэр республикэм и дэнэ щIыпIэкIи къыщрахьэлIэж нобэ икIи сату щIыпIэхэми куэду щащэ хъуащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, республикэм и мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм псоми зэхэту къэбу тонн мини 6,5-рэ нэгъабэ къыщIачыжащ. Ар процентi 8,8-кIэ нэхъыбэщ 2022 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ. Абыхэм ящыщу тонн мини 5,5-р унагъуэхэм яйщ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, зы гектарым хуэзэу ику иту центнер 268,5-рэ нэгъабэ къытрахащ, е процентi 110-кIэ 2022 гъэм щыIа бжыгъэхэм хуэкIуэу. Нэгъабэрейм нэхърэ мынэхъ мащIэу мы гъэми кърахьэлIэжын мурадхэр щыIэщ.

Дейдэсхэм папщIэ

«Узыншагъэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэу Тэрч щIыналъэм и Дей къуажэм амбулаторэщIэ щаухуэ. Лэжьыгъэхэр мы гъэм ирагъэжьащ. ИджыпстукIэ блынджабэхэр дращIей, ихъуреягъкIэ кърагъэбыдэкI, инженер коммуникацэхэр ирашалIэ, пэш кIуэцIхэм йолэжь.

ДЕЙ къуажэм дэсхэм я дежкIэ амбулаторэщIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы екIуэлIэну цIыху мини 5-м щIигъум Iэмал ягъуэтынущ я жылэм дэмыкIыу иджырей медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр абдежым щызрагъэгъуэтыну, я узыншагъэхэр щызэтрагъэувэжыну.

Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр 2025 гъэм и кIэхэм зэфIагъэкIынущ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

Фыкъимыкlуэт, фефIакIуэ!

Нэхъ ипэкIэ фызэрыщыдгъэгъуэзащи, щэбэт кIуам къызэIуахащ щIалэгъуалэ 200-м щIигъу зэхуэзышэса «СтартМашук» щIыналъэ зэхыхьэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Дагъыстэн, Адыгэ республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм къикIахэм фIэхъускIэ защыхуигъазэм, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт жиIащ республикэм апхуэдиз щIалэгъуалэ зэчиифIэ зэрыщызэхуашэсар зэригуапэр. «Лэжьыгъэ купщIафIэ фыхэтыну, фи щIэныгъэм хэвгъэхъуэну, ныбжьэгъу куэд зэвгъэпэщыну сынывохъуэхъу. ЩIалэгъуэрацщ мурадышхуэхэр зэбгъэхъулIэныр я пIалъэ нэхъыфI дыдэр, - къыхигъэщащ министрым.

- Дэтхэнэ зыми, шэч хэмылъу, зэфIэкI гуэр вгъэдэлъщ икIи си фIэщ мэхъу зы илъэс зыбжанэ дэкIмэ, фи цIэхэр жыжьэ зэрыIунур. IэщIагъэлI пашэхэр къызэрыфхэкIынум шэч къытесхьэркъым. Зэи фыкъимыкIуэт, фи мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ фызэрылъэIэсынум иужь фит. Дэ абы и лъэныкъуэкIэ сыт щыгъуи зыфщIэдгъэкъуэнущ», - жиIащ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и советым и унафэщI Шыпш Аслъэн.

Зэхагъэува программэм мы гъэм и унафэщIщ «Урысей щIалэгъуалэм я зэгухьэныгъэм» дэлажьэ гъэсакIуэхэм я союзым хэт, «Мэшыкъуэ» зэхыхьэр къызэзыгъэпэщхэм яз Сонинэ Еленэ.

- Сыщогугъ дэтхэнэми мы зэхыхьэм сэбэпынагъ гуэр къыхихыну, и зэфIэкIым хигъэхъуэну. Фэ нэхъыщIэхэм щапхъэ къыфтрахын хуейщ. Псоми сынывохъуэхъу фызыхэтым фи зэфIэкIкIэ факъыхэщыну, - жиIащ бзылъхугъэм.

Зэхыхьэр ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ IэнатIэм и ахъшэкIэ къызэрегъэпэщ 2018 гъэ лъандэрэ. Илъэсищ хъууэ аращ абы КИФЩI-м и республикэ псори къызэщIиубыдэу зэращIрэ. ЩIалэгъуалэр махуиплIым къриубыдэу щагъэгъуазэ зэры-зауэжьыну Iэмалхэм, егъэджэныгъэ дерсхэр драгъэкIуэкI, спорт зэхьэзэхуэхэр къыхузэрагъэпэщ, лIыхъужьхэмрэ цIыху пашэхэмрэ IуагъащIэ, экологием епха лэжьыгъэхэм хэтщ, киногъэлъэгъуэныгъэхэм макIуэ. Мы зэхыхьэм щIалэгъуалэм я къэухьым зэрызригъэужьым къыдэкIуэу, хэкупсэу къэхъуныкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Прокуратурэ

Суд унафэхэр зэрагъэзащIэр къапщытэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм федеральнэ хабзэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и прокурор нэхъыжь Громченкэ Наталье, Шэрэдж районым и прокуратурэм и лэжьакIуэхэм ящIыгъуу щIыналъэ администрацэм зэIущIэ щрагъэкIэкIащ. Абы хэтащ Урысейм и ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм и къудамэм и лэжьакIуэхэмрэ муниципальнэ IуэхущIапIэхэм я къулыкъущIэхэмрэ икIи тепсэлъыхьащ суд унафэхэр зэрагъэзащIэм.

ЗЭIУЩIЭМ къыщаIэтащ суд унафэхэр гъэзэщIэныр кIыхьлIыхь щIащIым и щхьэусыгъуэхэр, апхуэдэуи тепсэлъыхьащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, куэншыб идзыпIэхэр щымыIэным, сабиибэ унагъуэхэм щIы Iыхьэхэр яхухэхыным, гъэплъыгъуэ зэманым зэрыхуэхьэзырыр къэпщытэным, я нэIэ щIэмыт газ кIуапIэхэр учётым гъэувыным.

Яубзыхуащ зэлэжь Iуэху 20-р и кIэм щынагъэсынур, ахэр щагъэзэщIэну пIалъэри ягъэуващ.

Суд пристав-гъэзэщIакIуэм щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я лIыкIуэхэм яритащ, суд унафэхэр ямыгъэзащIэмэ, административнэ, уголовнэ Iэмалхэм хуэкIуэнкIэ зэрыхъунум ехьэлIа унафэхэр.

Апхуэдэ зэIущIэхэр муниципальнэ щIыналъэ псоми щрагъэкIуэкIыну я мурадщ.

УАРДЭ Жантинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Урысейм текIуэфынукъым

УФ-м и Президент Путин Владимир БРИКС-м и зэхыхьэм ипэ къихуэу а зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм щыIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я унафэщIхэм я упщIэхэм жэуап иритащ. Журналистхэр Iуэху зэмылIэужьыгъуэ куэдым щIэупщIащ: Индием щытрах кинохэм Урысейм щIэупщIэшхуэ зэрыщаIэм и деж щегъэжьауэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыщыIэ щытыкIэм нэсыжу.

IУЭХУГЪУЭ нэхъыщхьэу зи гугъу ящIар Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъурщ, а зэпэщIэувэныгъэм КъухьэпIэм щигъэзащIэ къалэнырщ. Президентым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Урысейр хущIокъу зэныкъуэкъур нэхъ псынщIэу зэфIэха зэрыхъуным. Путин Владимир зэпсэлъэныгъэхэм я лъабжьэу къигъэлъэгъуащ 2022 гъэм и гъатхэм Истамбыл утыку къыщрахьа дэфтэрым зи гугъу щыщIахэр икIи жиIащ а IуэхумкIэ лIыщхьэхэр Саудей Хьэрыпым щызэхуэзэныр нэхъ тэмэму къызэрилъытэр. «КъухьэпIэм и къулыкъущIэхэм иджы жаIэхэм тепщIыхьмэ, Кремлым и лIыкIуэхэм зэрепсэлъэн Iэмалхэр къызэралъыхъуэр къэплъытэмэ, гурыIуэгъуэщ абыхэм Урысейм зэрытемыкIуэфынур хьэкъ зэращыхъуар», - жиIащ къэрал УнафэщIым.

ЗэпыщIэныгъэр ирагъэфIакIуэу

Германием и канцлер Шольц Олафрэ Тыркум и президент Эрдоган Реджеп Таийпрэ иджыблагъэ Истамбыл щызэIущIащ. Къэрал унафэщIхэр тепсэлъыхьащ Европэм щащI Iэщэхэр, «Eurofighter» кхъухьлъатэ-зэтекъутакIуэхэр Тыркум зэрыхурагъэшэным теухуауэ адэкIи зэрызэдэлэжьэнум.

«ТЫРКУР НАТО-м хэтщ, абы ипкъ иткIэ, къэралым Iэрыдгъэхьэну Iэщэр зыхуэдэмкIэ унафэр къызыбгъэдэкIыр зэгухьэныгъэрщ. «Eurofighter» кхъухьлъатэ-зэтекъутакIуэхэр Тыркум ещэным и Iуэхур зыгъэкIуатэр Великобританием и правительствэрщ, абы и лъэныкъуэкIэ Берлин иджыпсту абы зэпсэлъэныгъэхэр дрегъэкIуэкI», - жиIащ Шольц Олаф.

Эрдоган Реджеп Таийп къыхигъэщащ НАТО-м хэт къэралхэм Тыркум пыщIэныгъэ хъарзынэхэр зэрыхуиIэр, нэмыцэ канцлерыр Истамбыл зэрыкIуар абыхэм я зэдэлэжьэныгъэм и зы щыхьэту зэрыщытыр. «Дэ дыхуейщ ди зэпыщIэныгъэхэр адэкIи едгъэфIэкIуэну, нэхъапэм зэгурымыIуэныгъэ гуэрхэр диIами, ахэр къызэднэкIыу зыужьыныгъэхэм дыхуэкIуэну», - жиIащ абы.

Жэпуэгъуэм и 22, гъубж

♦Щыпсалъэкlэ зэlынэ цIыхухэм я дунейпсо махуэщ
♦УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я финанс-экономикэ IэнатIэм и махуэщ
♦1841 гъэм къалъхуащ адыгэ узэщIакIуэ цIэрыIуэ **ХьэтIохъущокъуэ Къазий.**

♦1929 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Мухьэмэд.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градуси 2 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм бали 4 - 5-кIэ зихъуэжынущ.

Жэпуэгъуэм и 23, *бэрэжьей*

♦Щомыщ хужьым и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм щагъэлъапIэ рекламэ IэнатIэм щылажьэхэм я махуэр
♦1914 гъэм Москва Щукиным и цIэр зезыхьэ театральнэ училищэр къыщызэIуахащ.
♦1974 гъэм Дунейпсо Олимп Комитетым Венэ (Австрие) щригъэкIуэкIа 75-нэ сессием унафэ къыщащтащ XXII гъэмахуэ Олимп джэгухэр СССР-м и къалащхьэ Москва щегъэкIуэкIыным теухуауэ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 3 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 3 - 4-кIэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Щхьэж и зекIуапIэ и кIуэдыжыпIэщ.

Зи тхыгъэхэр гъащІэм жыы дэмыхъу

Къэрмокъуэ Мухьэмэд Мухьэжид и къуэр 1929 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м къыщалъхуащ Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ (ХьэтІохъущыкъуей Ипщэ) къуажэм. Налшык къалэ дэта пединститутыр 1951 гъэм къиуха нэужь, ар лэжьакІуэ къащтащ «Къэбэрдей пэж» газетым, 1952 - 1954 гъэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэу Зеикъуэ дэт курыт еджапІэм щыІащ. 1954 гъэм щегъэжьауэ Къэрмокъуэр республикэ радиокомитетым и редактор нэхъыжьу, унафэщІым и къуэдзэу лэжьащ, 1965 гъэм щыщІэдзауэ илъэс пщыкІузкІэ ар и унафэщІащ «Ленин гъуэгу» газетым щэнхабзэмкІэ и къудамэм. Абы иужькІэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и редактор нэхъыщхьэ ІэнатІэр къыхуагъэфащэри, пенсэм кІуэху абы пэрытащ. Къэрмокъуэ Мухьэмэд и цІэм къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ радиожурналистикэм и адыгэбзэ къудамэр къызэрыунэхуар, абы игъуэта зыужьыныгъэр.

ЩІАЛЭ дыдэу журналист ІэнатІэ гугъум пэрыува, иужьыІуэкІэ художественнэ прозэ тхынми зи къару щемыблэжа тхакІуэ емызэшыжт Къэрмокъуэр. Мухьэмэд и къалэмыпэм къыщІэкІащ зи гъащІэм, зи лэжьыгъэм фІы дыдэу щыгъуазэ тхакІуэхэм, еджагъэшхуэхэм, дохутырхэм, художникхэм, композиторхэм, артистхэм, лъэпкъыр зэрыгушхуэ ІэщІагъэлІхэм, цІыху гъуэзэджэхэм ятеухуа очеркхэр. Ахэр зэрыт тхылъ щхьэхуэуи къыдигъэкІыжащ.

Мухьэмэд и Іуэтэжхэр щызэхуэхьэса япэ тхылъыр дунейм къыщытехьар 1964 гъэращ, абы къыкІэлъыкІуащ сборникхэр, повестхэр, пьесэхэр, романхэр. ЦІыхухэм яфІэгъэщІэгъуэну, зэІэпахыу щІаджыкІахэм ящыщщ «Щихухэр иджыри мэкІ», «Къоджэм уигъэжейркъым», «Азэмэт» романхэр, «ЦІыхухъу нэпс», «НапІэдэхьеигъуэ» повестхэр, новеллэхэр, Іуэтэжхэр, нэгъуэщІ тхыгъэхэри. Псори зэхэту Къэрмокъуэ Мухьэмэд и къалэмыпэм къыщІэкІащ тхылъ 30-м щІигъу, адыгэбзэкІи урысыбзэкІи тхауэ ахэр Налшыки Москваи щытрадзащ, апхуэдэу и тхыгъэхэр зэдзэкІауэ Тыркуми Болгариеми къыщыдэкІащ.

ТхакІуэ лэжьыгъэм мыхьэнэуэ иІэр, тхакІуэ къалэным и инагъыр фІыуэ къызыгурыІуэ Къэрмокъуэм и ІэдакъэщІэкІхэм къыщихутэр езыр зыхалъхуа зэманым и зэхэлъыкІэрщ, зи уэрыпІэм хэта гъащІэрщ, зэманымрэ гъащІэмрэ дахэнуми, бжьыфІэнуми, гугъусыгъунуми зи ІуэхущІафэхэм елъыта цІыхурщ, абы и псэрщ. Мухьэмэд и тхыгъэхэм узыщрихьэлІэ лІыхъужьхэр абыхэм я гурыфІыгъуэхэмрэ гукъеуэхэмрэщ тхыгъэхэм пкъы яхуэхъуар. «Азэмэт», «Къоджэм уигъэжейркъым» романхэм художественнэу къызэщІакъуэ тхакІуэм и лъэхъэнэгъухэм къакІуа гъуэгуанэ мытыншым и «къэгъэшыпІэхэр». Япэ романым зи гугъу щищІыр гъащІэм хэбакъуэ ныбжьыщІэхэрамэ, дуней зылъэгъуа, къэзыухъуреихьхэм я зэхэтыкІэм, жылагъуэ гъащІэм фІыуэ щыгъуазэ, ныбжь зиІэ цІыхум и гупсысэхэр, Іуэху еплъыкІэхэр етІуанэм нэхъ кууэ къызэщІеубыдэ. Адыгэ лъэпкъ литературэм щыяпэу а романыр лъоІэс иужьрей илъэс тІощІырыпщІым ди къэралми абы щыпсэу цІыхухэм я гъащІэми къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм.

ТхакІуэр цІэрыІуэ зыщІар, щІэджыкІакІуэ нэхъыбэм фІыуэ езыгъэлъэгъуар абы и къалэмыпэ къыщІэкІа, тхылъищу зэхэт «Щихухэр иджыри мэкІ» романырщ. Абы щыщ япэ тхылъыр 1979 гъэм дунейм къытехьащи, адыгэбзэкІэ тхауэ нэхъыбэ дыдэрэ щІаджыкІ тхылъхэм ар нобэр къыздэсым ящыщщ.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд и пьеситІым къытращІыкІа спектаклхэр щагъэуващ ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей Къэрал драмэ театрым и утыкум. «Лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ» и Іуэтэжым къытращІыкІат серищ хъу телефильм.

Гулъытэншэу къэнакъым Мухьэмэд и ІуэхущІафэ дахэхэр. Иджыри студенту, 1951 гъэм (иужькІэ иджыри тІэу), абы къратащ ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъыр. Апхуэдэуи къыхуагъэфэщащ Ленин В. И. къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум ирихьэлІэу къыдагъэкІа «И лэжьыгъэфІым папщІэ» медалыр, «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 50 зэрырикъум и щІыхькІэ» медалыр, Къэрмокъуэ Мухьэмэд КъБАССР-м, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэщ, «Къоджэм уигъэжейркъым» романым папщІэ «КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ» цІэ лъапІэр 2000 гъэм къыфІащащ.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд фІыуэ зыцІыхуу щытахэм я гукъэкІыж псалъэ щІымыгъумэ, абы и гъащІэри и гуащІэри нэсу къэгъэлъэгъуа хъуну къысщыхъуркъым. Ди гуапэ зэрыхъунщи, Къэрмокъуэм и лэжьыгъэмрэ и творчесвэмрэ, и дуней тетыкІамрэ и цІыху щІыкІэмрэ я гугъу зыщІыфынухэр нобэми мащІэкъым. АрщхьэкІэ ныбжькІэ пэгъунэгъуу, и гурыгъу-гурыщІэр нэгъэсауэ зыхэзыщІэу щытахэм я нэхъыбэр псэужкъым. ТІум ящыщхэми я псалъэ гуапэ къэнащ, тхакІуэм и гугъу ящІыху ар зэрыпсэур, къызэрытхэтыр жаІэ зэпытщи, дыщыгуфІыкІыу ахэр тыдодзэ.

ХЬЭКІУАЩЭ Андрей, *филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор:* - ТхэкІэ зыщІэ псори тхакІуэ хъуркъым, абы уи нэ къыхуикІ къудейкІэ, Алыхьым къыуитауэ зыгуэр пхэмылъмэ, псалъэр къыпхуэгъэІурыщІэнукъым, жыІэщІэ пхуэщІынукъым. Тхэныр лэжьыгъэ гугъущ, абы жэщ-махуэ иІэкъым, тхылъ зытхым адрейхэм ямыщІэ ищІэным и мызакъуэу, и ІэщІагъэм фІы дыдэу щыгъуэзэни, сыт щыгъуи еджэни хуейщ.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд тыншу хэбэкъуакъым лъэпкъ литературэм, ехъулІэныгъэ пыухыкІахэр, инхэр абы зыІэригъэхьамэ, ар зи фІыгъэр нэгъуэщІхэм я гупкІэ зэримысарщ, япкІа, хаша гъуэгу тыншым зэрыримыкІуарщ, гугъуехь куэд пыщІами, езым и лъагъуэ абы къызэрыщигъуэтыжарщ, нэгъуэщІхэм жамыІа зэрыжиІарщ, я Іэ здынэмысахэр къызэрызэІуихарщ, езым и Іуэху еплъыкІэ, гупсысэкІэ, тхэкІэ зэрызригъэпэщарщ, еш, псэху имыщІэу зэреджарщ, зэрылэжьарщ.

Къэбэрдей литературэм и тхакІуэ нэхъ пашэхэм ящыщ зыщ Къэрмокъуэ Мухьэмэд.

СОКЪУР Мусэрбий, *критик:* - «Щихухэр иджыри мэкІ» повестымкІэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд хузэфІэкІащ адыгэ къуажэм и псэукІэр къызэзыгъэпэщ Іэмалхэмрэ хабзэхэмрэ дакІэлъигъэплъыну. Ар нэрылъагъу тщыхъун папщІэ тхакІуэм къыхиха къэІуэтэкІэр шэрыуэу къыщІэкІащ: цІыхум сыт ялэжьми ар зэрыбгъэдыхьэр ди нобэрей этикэмрэ цІыхугъэмрэ я пщалъэщ. Къэрмокъуэм быдэу зыхещІэ щІэгъэхуэбжьауэ екІуэкІ псэукІэм угъурлыгъэм, хьэлэлагъым, дахагъэм къыдэкІуэу, ткІыбжьыгъэ гуэрхэри къишэнкІэ зэрыхъунур.

Тхыгъэр пкъыфІэ зыщІыр лэжьыгъэм епха теплъэгъуэхэмрэ цІыхухэмрэщ. Мы къалэн нэхъыщхьэр - нобэрей зэманым къыдэтэдж цІыху зэмыщхьхэр къэгъэщІыныр - Къэрмокъуэм мыбзаджэу къехъулІащ, жыпІэ хъунущ. ТхакІуэм къыдегъащІэ зэхэгъэкІыпІэ зэщхьэм хэхуа цІыхухэр зэрызэхуэмыдэр, дунейм хьэлэлагърэ къабзагъэрэ къызэребэкІыр.

Къэрмокъуэм и ІэдакъэщІэкІхэм уагъэгупсысэ, гъащІэм упхагъэплъ, Іуэхугъуэ къызэрыгуэкІыу къыпфІэщІхэр псэм дыхьэ ІэмалхэмкІэ яІэт.

ХЬЭХ Сэфарбий, *тхакІуэ:* - Къэрмокъуэм и тхыгъэ дэтхэнэри къащтэ - къэхъукъащІэ ехьэжьахэмкІэ къулейщ. Мухьэмэд зытетхыхьри цІыху гъащІэм щынэхъ лъапІэ дыдэ, жьыми щІэми псэуху ямыужэгъу, зи ІэфІри имыух лъагъуныгъэрщ. Мис аращ сыт хуэдэ ныбжьым итри абы и тхылъым щІеджэр.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд куэд зи нэгу щІэкІа, куэдым щыгъуазэ тхакІуэщ. Езыр цІыхум яхэт зэпытщи, къигъэхъуапІэр куущ. Бэм я тхакІуэщ Мухьэмэд.

БИЦУ Анатолэ, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ:* - ТхакІуэ лэжьыгъэм мыхьэнэуэ иІэр, тхакІуэ къалэным и инагъыр, и лъапІэныгъэр фІыуэ къызыгурыІуэ Къэрмокъуэм и тхыгъэ псомкІи къиихутэр езыр зыхалъхуа зэманырщ, зи уэрыпІэм хэт гъащІэрщ, зэманри гъащІэри дахэнуми, бжьыфІэнуми, гугъусыгъунуми зи ІуэхущІафэхэм елъыта цІыхурщ, а цІыхум и псэрщ. Сытым тетхыхьми, сыт хуэдэ жанр Іэпэгъу ищІми, пэжыр и гъуазэу зэрытхэным и ужь итщ, и дэтхэнэ ІэдакъэщІэкІымкІи нэхъыбэ къызэрызэщІиубыдэным, гупсысэ куу къызэриІуэтэным пылъщ.

Художественнэ Іэмал щІэщыгъуэхэр къигъэсэбэпурэ, абы Іэзэу къегъэлъэгъуэф и лъэхъэнэгъу цІыху зэмыщхьхэм я псэукІэр, я дуней тетыкІэр, я хьэл-щэнхэр, я зэхущытыкІэхэм Іейуи фІыуи хэлъыр. ГъэпсыкІэ екІуи, къэІуэтэкІэ дахи къызыхуигъуэтыф и тхыгъэ нэхъ цІыкІухэри нэхъ пІащэхэри Мухьэмэд къытрегъэпщІыкІ нэхугъэмрэ кІыфІыгъэмрэ, захуагъэмрэ къуаншагъэмрэ зэпэщІэувауэ щызэпэщІэт гъащІэм бжыгъэншэу къигъэщІ лъэпощхьэпохэм. Ахэр зэпкърихкІэрэ, ар хущІокъу нобэ махуэм къигъэув упщІэхэм жэуап яритыну, къарууэ иІэмкІэ зи къэкІуэнум щІэбэнын хуей цІыхум и псэр къабзагъэм хуегъэуш. ЖызыІэни зиІэ, жыІэкІи зыщІэ, зи ІэщІагъэм пщІэ хуэзыщІыж тхакІуэм и прозэр а псоми гурыхь ящІ.

МЫЗ Ахьмэд, *тхакІуэ, радиожурналист:* - Къэрмокъуэ Мухьэмэд и унафэм сыщІэту, республикэ радиом и адыгэ редакцэм илъэс пщыкІузкІэ сыщылэжьащ. Ар тхьэмадэ ткІийт, ауэ езым и щхьэми апхуэдэут зэрыхущытыр. Сытым дежи чэнджэщ щхьэпэ къыуитырт, и лэжьакІуэхэм я Іуэху еплъыкІэми щІэдэІурт. ЗыщІезыгъэххэр фІыуэ илъагъуртэкъым.

Мухьэмэд цІэрыІуэ зыщІар, цІыхум фІыуэ къезыгъэлъэгъуар «Щихухэр иджыри мэкІ» повестырщ. Си щхьэкІэ мызэ-мытІэу срихьэлІащ, си нэкІэ слъэгъуащ абы щІэупщІэшхуэ зэриІэр. А тхылъыр къэпщэхун дэнэ къэна, библиотекэхэм ар къеІыпхын папщІэ уи чэзур къыщысынум упэплъэн хуейт. Къэрмокъуэм хуэдэу зи ІэдакъэщІэкІ цІыхубэм япхъуэта, зыдихьэха нэгъуэщІ тхакІуэ диІэу сщІэркъым.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд Іэужь дахэ къытринащ дунейм. Абы къыщІэнащ тхыгъэ купщІафІэ куэд: романхэр, повестхэр, рассказхэр, очеркхэр. Хэку зауэшхуэм къытхуихьа гуауэм теухуауэ къэбэрдей тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІа тхыгъэ хьэлэмэтхэр ди мащІэкъым. Ауэ Къэрмокъуэм и «Уэсятыр» нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу къызолъытэ.

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд, *Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ:* - Мухьэмэд зэфІэкІ зиІэ, акъыл жан зыбгъэдэлъа цІыхущ. Адыгэбзэмрэ и лъэпкъымрэ яхуищІыфа пщІэм щхьэкІэ ар гъэлъэпІэн, Іэтын хуейщ. Къэрмокъуэм и адыгэбзэр егъэлеяуэ зэрыдахэм щхьэкІэ нэхъыфІыжу лъагъупхъэщ. Абы и бзэр зэпкърыпхын щІэбдзэмэ, и псалъэ къэсыхункІэ адыгэмэ къакІэрех. Мухьэмэд и тхыгъэхэм къыхэщ лІыхъужьхэм я шыфэлІыфэр дахащэу къиІуатэу, лъэпкъыми, щІыналъэми, щэнхабзэми къекІуу апхуэдэщ.

МЫСОСТЫШХУЭ Пщызэбий, *Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист:* - Сэ фІыуэ сыщыгъуазэщ Къэрмокъуэм и гъащІэм и къекІуэкІыкІам. Си дежкІэ ар ныбжьэгъуфІ къудейкъым, атІэ цІыхугъэ, хьэл-щэн дахэ, гуапагъэ зыхэлъ си шынэхъыжьщ. И сабиигъуэр зыхиубыда зэман гугъум куэд и нэгу щІигъэкІащ абы. Хэт ищІэрэ, а илъэгъуа псори егъэлеяуэ зыхимыщІатэмэ, Къэрмокъуэр тхакІуэ хъуну къыщІэкІынтэкъым.

Мухьэмэд и ІэдакъэщІэкІхэм утезашэркъым, уагъэгупсысэ, адэкІэ къэхъунур къыпхуэщІэркъым, узыпагъаплъэ. И дэтхэнэ тхылъри купщІафІэщ, ар тхыдэм, гъащІэм е хабзэм теухуауэ щрети.

ТЭТРОКЪУЭ Астемыр, *Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и журналист:* - Къэрмокъуэм и «Щихухэр иджыри мэкІ» повестым хуэдэу цІыхухэр дихьэхауэ зэджа сэ си щхьэкІэ срихьэлІакъым. Сэ а тхылъыр къыщысІэрыхьам зэпкърыщэщыным нэсат, и жинтыр, куэдым зэраІыгъам, зэрызэІэпахам и щыхьэту, текІыжыпат.

Мухьэмэд и ІэдакъэщІэкІхэм Іуэхугъуэ куэдым кууэ урагъэгупсыс, и лІыхъужьхэр гъащІэм къыхэтэджыкІа защІэщ, я шыфэлІыфэкІи я ІуэхущІафэкІи уи фІэщ хъууэ.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд и тхыгъэ псоми езыр къызыхэкІа адыгэ лъэпкъым и нэпкъыжьэ ятелъщ. Ар псалъэм пщІэ хуэзыщІ, жиІэнур нэгъэсауэ зэпэзышэч тхакІуэ щэджащэщ.

МАХУЭЛІ Хъэджэт, *Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и журналист:* - Сэ Къэрмокъуэр къыщысцІыхур «Щихухэр иджыри мэкІ» жыхуиІэ тхылъыр къыдигъэкІа нэужьщ. А тхыгъэр апхуэдизкІэ си гум дыхьати, шхэи жеи сщыгъупщэжауэ, жэщ-махуэ симыІэу седжауэ щытащ. Мухьэмэд а тхыгъэр къехъулІат, ар дунейм къыщытехьам щІалэгъуалэм зэІэпахыу къэнат.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд хуэдэ тхакІуэ щыІэкъым, абы къиІэт Іуэхугъуэхэмрэ и бзэ дахэмрэ хуэдэ зиІэ зы тхакІуэ сцІыхуркъым.

ГУБЭЩІЫКІ Владимир, *Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и юрист:* - Къэрмокъуэм и «Щихухэр иджыри мэкІ», «Щихухэм ныбжь ядз» тхыгъэхэр куэдым ягу щІрихьам щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр иІэт. Къапщтэмэ, япэр - нэхъыбэм абы хэт лІыхъужьхэм я гъащІэм езыхэм ейм ещхьу зыгуэрхэр зэрыхалъагъуэрт. Адрейхэр дэзыхьэхар а лъэхъэнэм мыхъумыщІагъэу, ныкъусаныгъэу щыІар ехьэкІ хэмылъу къызэригъэлъэгъуарт.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд хузэфІэкІащ и тхыгъэ щыпкъэхэмкІэ лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэфІ хуищІын.

Зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ**.

Къилъыхъуащ дапщэщи щІэныгъэр

ЦІыхум хуэмышэчын трилъхьэркъым, жаІакъым ауэ сытми. Зы махуэм нэхърэ адрейм нэхъ уипсыхьу гъащІэр йокІуэкІ, къыпхилъхьэ Іущыгъэмрэ дуней лъагъукІэмрэ уагъэкІуатэу, жьантІэм удашэу, къыпщІэхъуэ щІэблэм я гъуэгугъэлъагъуэ ухъуну укъыхуриджэу.



ЦІЫХУ гъащІэр Іэджэ гъэщІэгъуэну зэхэтщ. Узыхуигъэзэнур занщІэу къызэрыпхухэмылъагъуэр арагъэнущ нэхъыжьым, нэхъыбэ зылъэгъуам и псалъэ зэхэпхыныр, ущІэдэІуныр игъуэщ, щІыжаІэр. Куэд зи нэгу щІэкІа, жьантІэгъэфІэну щІалэгъуалэм яхэт Кърымщокъал Таукъан иджыблагъэ илъэс 90 зэрырикъуар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щагъэлъэпІащ. Куэд зи нэгу щІэкІа нэхъыжьыфІыр илъэс щэ ныкъуэм нэблагъэкІэ КъБКъУ-м инджылызыбзэмкІэ и кафедрэм щылэжьащ, щІэблэм щІэныгъэ ябгъэдилъхьэу яхэтащ.

НэхъыжьыфІым и махуэщІыр хуагъэдэхэну, псалъэ дахэхэмкІэ и пшыхьыр хуагъэщІэрэщІэну зэІущІэм къекІуэлІащ илъэс ІэджэкІэ къызыдэгъуэгурыкІуа и лэжьэгъухэр, и ныбжьэгъухэр, иригъэджахэр, и Іыхьлыхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр. Дэтхэнэми Таукъан теухуауэ жиІэн и мащІэтэкъым, гукъэкІыжхэр и куэдт - ар хэти и гъащІэм хэтщ цІыху къабзэ-псэ хьэлэлу, жьым хуэфащэу яхэт, щІэм дахэу задезыгъэкІу нэхъыжьыфІу. Ар ноби абыхэм я чэнджэщэгъущ, я гъуазэщ. ФэрыщІыгъэ лъэпкъ хэмылъу жыпІэ хъунущ Таукъан нобэ къылъыса жьантІэм зэрыхуэфащэр, а щытыкІэм кърипэс Іулыджри къызэрилэжьыр.

И ныбжьым хуумыгъэфэщэну жыджэрщ икІи жанщ Таукъан. НэхъыжьыфІыр гъэлъэпІэныр къыхэзылъхьа КъБКъУ-м Жылагъуэ жэрдэмхэмкІэ и центрыр зытет етІуанэ къатым псынщІэу дэкІуеящ, къызэремыхьэлъэкІари къыхэщу, абы къыпэплъэу зэхэт цІыхухэм нэжэгужэу яхыхьащ. Ар зэуэ къауфэрэзыхьащ 1964 гъэм къыщыщІэдзауэ 2015 гъэ пщІондэ щылэжьа кафедрэм и лэжьакІуэхэм - къапкърыкІ гуфІэгъуэм къигъэлъагъуэрт Таукъан фІыуэ зэралъагъур, пщІэ къызэрыхуащІыр, и псалъэм мыхьэнэшхуэ зэрыратыр.

Ныбжь дахэм нэса нэхъыжьыфІым къыдэкІуэтей щІалэгъуалэр егъэджэным икІи гъэсэным хуэунэтІауэ иригъэкІуэкІа лэжьыгъэфІым папщІэ, КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Альтуд Юрэ и унафэкІэ ЩІыхь тхылърэ ахъшэ тыгъэкІэ и цІэ кърaІуащ. Саугъэтхэр Кърымщокъалым иритыжащ еджапІэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Шурдым Хьэсэн. Къыхэгъэщын хуейщ - Хьэсэни Кърымщокъал Таукъан и гъэсэнхэм ящыщщ.

Кърымщокъалым гъащІэ гъуэгуанэ дахэ къикІуащ. Абы и нэгу щІэкІащ Хэку зауэшхуэм цІыхум къахуихьа гузэвэгъуэр, и фэкІэ игъэващ зауэ нэужьым къэралыр зэфІэгъэувэжыным хуэгъэзауэ екІуэкІа лэжьыгъэ хьэлъэр. ЗэІущІэм кърихьэлІахэм зауэ илъэсхэм и нэгу щІэкІар щажриІэжым зыхыумыщІэнкІэ Іэмал зимыІэт а псалъэхэм я щІагъ щІэлъ гукъеуэр, гумэщІыгъуэр, щыщІэныгъэр. «Ди къуажэ, Зеикъуэ, нэмыцэм яубыда нэужь, штабыр къыдагъэуват. Абыхэм етщІэнур къэдулъэпхъэщу къуажэ щІалэ цІыкІу гуп дызэрыгъэхъуу дыдэтт. Апхуэдэу нэмыцэ зауэлІхэм къуажэр къызэрызэщІагъэхьэ лъакъуэрыгъажэр къафІэдгъэкІуасэри, зы тэлайкІэ цІыхухэр мамыр хъуат. Хуабжьу дригушхуэрт а тщІам. Дыкъыщ Іагъэщынуми, ди ужьыр яхуу дыкъахутэнуми, нэмыцэхэр хунэсакъым - Дзэ Плъыжьым къигъэзэжауэ биидзэр иригъэкІуэтырт. Куэдыщэ дэмыкІыуи нэмыцэхэр ди жылэм дэкІыжауэ щытащ», - игу къегъэкІыж Таукъан. Тхьэм къыхуигъэфащэри, а лъакъуэрыгъажэ дыдэм тесу щІалэр Волгоград (Индылкъалэ) нэс кІуауэ щытащ, ТекІуэныгъэм и цІэкІэ абы щызэхаша пэкІум хэплъэну.

Сыт хуэдиз гуауэрэ гузэвэгъуэрэ илъэгъуами, Таукъан дапщэщи щІэныгъэр къилъыхъуащ. Ар хуейт еджэну, къыдэкІуэтей нэхъыщІэ цІыкІухэм яхэту лэжьэну. Къуажэм дэт курыт еджапІэр къызэриухыу, Кърымщокъалыр Налшык къалэм егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыру дэт институтым щІэтІысхьащ, фІы дыдэуи къиухащ. 1954 гъэм дзэм къулыкъу щищІэну ираджэри, Калининград къалэм авиацэмкІэ дэт еджапІэм ягъэкІуащ. Илъэсищыр кърихьэлІэу и унэ къигъэзэжа нэужь, Таукъан КъБКъУ-м филологиемкІэ и къудамэм щІэтІысхьащ, инджылызыбзэм хуеджэну.

Ар къыщиухым, Зеикъуэ игъэзэжри, илъэс зыбжанэкІэ абы дэт курыт еджапІэм щылэжьащ. Ауэ зэфІэкІ нахуэхэр зыгъэлъагъуэ щІалэр КъБКъУ-м ираджэжащ, бгъэдэлъ щІэныгъэмкІэ студентхэм ядэгуэшэну къыхураджэу. ИкІи 1964 гъэм къыщегъэжьауэ игъуэта ІэнатІэм емыпцІыжу, нэгъуэщІ лэжьапІэ къимылъыхъуэу, Таукъан инджылызыбзэмкІэ кафедрэм щылэжьащ. 2015 гъэращ ар щытІысыжар. «Гугъэзэгъуэ сиІэу сопсэу. Си сабиигъуэм хэлъа дыджыр сщигъэгъупщэу гъащІэ гъуэгуанэ дахэ къэскІуауэ къызолъытэ. Сэ фІыуэ слъагъу лэжьыгъэм сыпэрытащ, си гум къыдыхьэ цІыхухэм сахэтащ, унагъуэ насыпыр зищІысыр зыхэсщІащ. Зы цІыхукІэ Тхьэм къысхуигъэфэщамкІэ сыарэзыуэ дунейм сытетщ. Лэжьыгъэм тынш зэи хэлъынукъым - абы къаруи ихьынущ, ар бгъэдыхьэкІэ хэхаи хуэныкъуэнущ, ар щІэпщІэм арэзыи уищІын хуеинущ. ШыІэныгъэ зыхэплъхьэф къудеймэ, узыпэмылъэщын дунейм теткъым. Абы уосэри, адэкІэ апхуэдэу фІэкІа, нэгъуэщІу щытын хуэмейуэ уолажьэ. ЦІыхур дапщэщи зэлэжьыжын хуейщ, и ехъулІэныгъэхэм я ІэфІыр зыхищІэу псэуну хуеймэ», - жиІащ Кърымщокъалым.

КъБКъУ-м хамэбзэхэр егъэджынымкІэ и центрым и унафэщІым и къуэдзэ Темрокъуэ Ларисэ куэд лъандэрэ и нэІуасэщ Кърымщокъалыр, илъэс 15-м щІигъукІэ кафедрэм щызэдэлэжьащ. «Сэ иджыри сыстудентт Таукъан къыщысцІыхуам. Колхозым ягъакІуэ студент гупым ар ди пашэу мазэ зытІущкІэ губгъуэм дызэдитауэ щытащ. Абы и набдзэ фІыцІэ Іув кІырхэр и пэпкъым къытеуэу пІэрэ жыпІэну зэхэлъти, уІуплъамэ, сыт щыгъуи губжьауэ къыпщыхъурт. Абы къыхэкІыу тІэкІу сыщышынэрт. Ауэ гъунэгъуу къэтцІыхуа нэужь, къыдгурыІуащ и Іум уригъэпщхьэн хуэдизу зэрыцІыхуфІыр, хузэфІэкІыр къызэрыпхуищІэнур, сыт щыгъуи чэнджэщ къызэрыуихьэлІэнур. Кафедрэм цІыху 30 дыхъуу дыщылажьэрти, а зырат цІыхухъуу къытхэтыр. Зэи къэхъуакъым ЦІыхубзхэм я махуэщІым - Гъатхэпэм и 8-м - зыгуэркІэ дыщимыгъэгуфІа, гулъытэ къыщытхуимыщІа. Абы и закъуэкъым. Таукъан зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, и щІэныгъэр екІуу, методикэ зэгъэпэщам тету щІалэгъуалэм яхэзыпщэф ІэщІагъэлІт. Тынш дыдэу пэлъэщырт гугъуагъ зэмылІэужьыгъуэ зиІэ техникэ текстхэм. Инджылызыбзэр къыдамылъхуами, фІы дыдэу ирипсалъэу апхуэдэт. Дыхуэарэзыщ, иджыри куэд дыдэрэ ди жьантІэр игъэбжьыфІэу къытхэтыну си гуапэщ», - жиІащ Темрокъуэ Ларисэ.

Зауэм, лэжьыгъэм, ІэщэкІэ ЗэщІэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэу Налшык къалэм щыІэм и унафэщІ Абдуллаев Мустэфа къыщыпсалъэм къыхигъэщащ и гур къигуфІыкІыу зэІущІэм зэрыхэтыр, тхьэмадэм къыхуащІ лъытэныгъэм дамэ къызэрытригъакІэр. «Фи фІэщ фщІы зи ныбжьыр хэкІуэтауэ мыпхуэдэ пшыхь зыхуащІым и гугъур щызэхэсхкІэ, ягъэлъапІэр сэрам хуэдэу сызэрыгуфІэр. Хэку зауэшхуэм хэтауэ ди нобэм къэса нэхъыжьыфІхэм ящыщу къэнэжар мащІэ дыдэщ. Ахэр зыри хуейкъым, къытщІэхъуэ щІэблэщІэм я ІэфІагърэ гуапагърэ къищынэмыщІауэ. Гулъытэ зыгъуэт нэхъыжьыфІым и хъуэхъум гъуэгу зримытын щІалэгъуалэ щыІэкъым. Ар хьэкъщ. Тхьэм солъэІу къытхуэнэжа тІэкІур ТекІуэныгъэр къызэрахьрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу узыншэу нэсыну. Таукъан ящыщщ зи щІалэгъуэ пасэр Хэку зауэшхуэм зэхэзедзэн ищІахэм. Ауэ сыт хуэдиз бэлыхь хэхуами, абы зрыригъэщІыкІакъым, уеблэмэ, абы пэщІэт нэхъей, и хъуэпсапІэхэр зэрызыІэригъэхьэным хущІэкъуащ. КъехъулІар нэрылъагъущи, лъэрытету, узыншэу ди япэ итыну сохъуэхъу», - жиІащ Абдуллаев Мустэфа.

Къыхиха гъащІэ гъуэгум гурэ псэкІэ зэрыбгъэдэтам и щыхьэтщ Таукъан и щІэблэри абы и гъуэгум зэрырикІуэр. Апхуэдэу Таукъан и нысэ Маринэ филологие щІэныгъэхэмкІэ докторщ, урысыбзэмрэ бзэщІэныгъэмкІэ кафедрэм и профессорщ. И къуэрылъху Ибрэхьим урыс филологиемкІэ магистрантщ, и къуэрылъху Дианэ инджылызыбзэм хуоджэ, и адэшхуэр здэщыІа кафедрэм щылэжьэну и мурадщ. Зэрынэрылъагъущи, адэшхуэм и хъуэпсапІэхэр ужьыхакъым, адэкІэ къыпызыщэн иІэщ.

НэхъыжьыфІыр узыншэу, бын гуфІэгъуэ щымыщІэу, гукъыдэж иІэу иджыри куэдрэ ди япэ итыну ди гуапэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

ЗэхуэхьэсакІуэхэм ирагъэблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэхуэхьэсакІуэхэр «Щэнхабзэм и волонтёрхэр» зэгухьэныгъэм хэтхэм иджыблагъэ яІущІащ.

КОЛЛЕКЦИОНЕРХЭР ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ хьэпшып зэхуэхьэсыным теухуа щэхухэм, езыхэм я лэжьыгъэр зэрызэфІэувам, бгъэхэІухэр, ахъшэжьхэр ирагъэлъэгъуащ. ХьэщІэхэм жэуап иратащ сабийхэр зыщІэупщІа псоми.

ЗэхуэхьэсакІуэхэм я зэгухьэныгъэр 2017 гъэм къэунэхуащ. Нобэ ар жыджэру хэтщ республикэм и гъащІэм, абы и тхыдэм гулъытэ хуищІрэ гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэригъэпэщу.

Зэгухьэныгъэр къызэрыунэхурэ абы хэтхэм махуэ лъапІэхэм епхауэ бгъэхэІу куэд къыдагъэкІащ. Иджыпсту зэхуэхьэсакІуэхэм Налшык илъэс 300 зэрырикъуам епха хьэпшыпхэр ягъэхьэзыр. Къинэмыщlауэ, Урысей пощтым щаутІыпщакІэщ СССР-м и лІыхъужьхэм, республикэм къыщыдэкІ газетхэм, усакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм, КъБР-м щыцІэрыІуэ нэгъуэщІ цІыхухэм ятеухуа пощт карточкэхэмрэ письмоулъэхэмрэ.

ЗэхуэхьэсакІуэхэр щэбэт къэс сыхьэти 10-мрэ 11-мрэ я зэхуакум «ТворчествэмкІэ уардэунэм» и хьэщІэщым щызэхуосри, дэтхэнэ зыри я гъэлъэгъуэныгъэ-тыкуэным ирагъэблагъэ. Зэгухьэныгъэм щыщхэр хьэзырщ я ехъулІэныгъэхэмкІэ хэти дэгуэшэну.

ХэщІапІэр: Налшык къалэ, Ленинымрэ цІэр зезыхьэ уэрам, 8, щІыхьэпщІэр Іахыркъым.

КЪУЩХЬЭ Нэзар.

ГумащІэу тетащ дунейм

Адэм и махуэр жэпуэгъуэм и тхьэмахуэ ещанэм Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ. Мы гъэм ар жэпуэгъуэм и 20-м техуащ.

СЫХУЕЙТ ар къэзгъэсэбэпу, гумащІэу дунейм тета си адэ Цырхъо Амир сытепсэлъыхьыну. Ди адэр 1951 гъэм Курп Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Ар зыхалъхуар унагъуэшхуэт - зэрыбинипщІ хъухэт. Папэ нэхъыжьыІуэти, адэ-анэм дэІэпыкъуэгъушхуэ яхуэхъуащ. И ныбжьыр илъэс 26-м иту, къуажэ амбулаторэм и «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и шофёру лэжьэн щыщІидзэри, илъэс пщыкІузкІэ жэщ-махуэ имыІэу, абы Іутащ. Ар сыт щыгъуи цІыхухэм зэрадэІэпыкъунымрэ сэбэп зэрахуэхъунымрэ пылъащ, гущІэгъушхуэ хэлъащ.

Ди адэм гъэсэныгъэ дахэ бгъэдэлът, гукъэкІ иІэт, цІыхухэми фІыуэ къалъагъурт, пщІэ къыхуащІырт. Дэ зэшыпхъуиплІ дохъури, дэри абы и анэкъилъхухэми зэи ди жагъуэ къищІакъым, къытхуэгумащІэу, къыттеубгъуауэ щытащ.

Папэ уи гукъеуэм къедэІуэнут, узыхищІыкІынут икІи зыкъыпщІигъэкъуэнут. Къуажэдэсхэр абы и деж чэнджэщакІуэ къакІуэрт. Езыми и щхьэ Іуэху къигъэнэнти, нэгъуэщІхэм ядэІэпыкъунт. «Напэ къабзэкІэ си адэ-анэм саІуплъэжын хуейщ», - жиІэрт абы. Дэри абы дыщІипІыкІащ.

Къытезгъэзэжу щытми, жысІэмэ сфІэфІщ папэ цІыхуфІу, цІыху пэжу, цІыху хьэлэлу зэрыпсэуар. 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м, илъэс 70 ирикъуным мазэ фІэкІа имыІэжу, ар дунейм ехыжащ - коронавирусым и зэранкІэ сымаджэщым щІэхуэри, и узыншагъэр пэлъэщакъым. ИкъукІэ согугъэ, папэ зэрыхуеям хуэдэу, напэ къабзэкІэ и адэ-анэм я пащхьэ ихьэжауэ, жэнэтыр унапІэ хуэхъуауэ къыщІэкІыну.

КІУАЩ Зуридэ.

• Дифl догъэлъапlэ

Заретэ и псы къэжэгъуэщ

Адыгэ псалъэ» газетыр къулейщ къызыхэкIа лъэпкъым и фIыр зыгъэбагъуэ, ар бзэ дахэкIэ цIыхубэм я пащхьэ изылъхьэхэмкIэ. Илъэс пщыкIутхум щIигъуауэ а Iуэху щхьэпэр къохъулIэ ди редакцэм и корреспондент пашэхэм ящыщ ТекIужь Заретэ. Абы нэхъ егъэщIылIар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ дунейм щекIуэкIхэр къэгъэлъэгъуэнрами, и тхыгъэ купщIафIэхэр щытриухуэ щыIэщ езыр нэхъапэм зыпэрыта егъэджэныгъэми, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ къыщыхъу-къыщыщIэхэми, нэгъуэщI куэдми.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Аргудан къуажэм 1984 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м ТекIужь Заретэ къыщалъхуащ. А жылэм дэт курыт еджапIэ №3-р дыжьын медалкIэ къиухащ.

Иужькlэ КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Абы и бакалавриатымрэ магистратурэмрэ къиухри, 2007 гъэм «ЕджапIэ нэхъыщхьэм и егъэджакIуэ» IэщIагъэр зэрызэригъэгъуэтамкIэ дипломыр къратыжащ.

ЯпэщIыкIэ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №5-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ щригъэджащ. 2009 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм хыхьэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и и корреспондентщ. КъищынэмыщIауэ, республикэм и нэгъуэщI хъыбарегъащIэ IэнатIэхэми жыджэру ядолажьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм папщIэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и министерствэм илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм ирагъэкIуэкIа республикэ зэпеуэхэм я «ТхылъымпIэм традза хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я тхыгъэ нэхъыфI», «Журналист лэжьыгъэ нэхъыфI» унэтIыныгъэхэм мызэ-мытIэу япэ увыпIэхэр къызэрыщихьам щыхьэт техъуэ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу илъэс куэд щIауэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зэрыщылажьэм, и IэщIагъэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм, республикэм и жылагъуэ-щэнхабзэ гъащIэм зегъэужьыным, щэнхабзэм и илъэсыр къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымрэ хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ я щIыхь тхылъхэр илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм къратащ.

Вэсэмахуэ Заретэ къыщалъхуа махуэр игъэлъэпIащ. ЗэрыжаIэщи, дяпэкIэщ абы и псы къэжэгъуэр. Дохъуэхъу псалъэ гуапэу хужаIар хуэбэгъуэну, и IэщIагъэм и хъер илъагъуу, узыншэу иджыри илъэс куэдкIэ дызэдэлэжьэну, насыпым я нэхъыфIыр къылъысыну!

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

Іэщэщl цlэрыlуэм и зэфlэкlхэр

Сурэтыщl гъуазджэхэмкIэ ЮНЕСКО-м, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэхэм, Урысейм и IэщэщIхэм я гильдием хэт дыщэкI цIэрыIуэ Тумэ Аслъэн иджыблагъэ пашэ щыхъуащ УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэща «Урысейм Гъуазджэхэмкlэ и еджапIэ нэхъыфI» зэпеуэм, «Урысейм Гъуазджэхэмкlэ и сабий школым и егъэджакIуэ нэхъыфI» Iыхьэм.

Тумэ Аслъэн нэхъапэIуэкIэ щытекIуащ сурэтыщIхэм, дизайнерхэм, дыщэкIхэм, IэпщIэлъапщIэхэм, гъукIэхэм папщIэ екIуэкIа «Уникальные мастера России» зэпеуэм. ГъущIым художественнэу елэжьынымкIэ зэхьэзэхуэм и Iыхьэм ди лъахэгъу щIалэм япэ увыпIэр щиубыдащ. Зэпеуэр ирагъэкIуэкIащ IV художественно-промышленнэ гъэлъэгъуэныгъэм хыхьэу. Аслъэн ящыщ хъуащ зэпеуэм зи лэжьыгъэ езыгъэхьа цIыху 200-м щыщу абы пхыкIа 70-м.

Сурэт щIыным пасэу дихьэха Тумэ Аслъэн Тэрч къалэм и Художественнэ школыр къиуха нэужь, КъБКъУ-м и педколледжым декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ и къудамэм щеджащ. 2-нэ курсым щIэсу Iэщэ, дыщэкI гъуазджэм щыхагъэгъуазэм абы дихьэхауэ нобэ ар и IэщIагъэщ. Аслъэн и къуэш нэхъыжь, Сурэтыщl гъуазджэхэмкIэ ЮНЕСКО-м, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт Залым и лъэщапIэм иригъэблэгъауэ зэдолажьэ. ЛъэщапIэр цIыху кIуапIэщ. Абы щызэхуос я ныбжьэгъухэр, щIэныгъэлIхэр, артистхэр, Кавказым и хьэщIэхэр. Эрмитажым и щIэныгъэ лэжьакIуэхэм ящыщи къахуэкIуащ. 2013 гъэм щыщIэдзауэ зэкъуэшхэм щрагъаджэ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм гъуазджэхэмкIэ и школу Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэм. Я гъэсэнхэм я лэжьыгъэхэр урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм хагъэхьэ, зэпеуэхэм япэ увыпIэхэри къыщахь.

- Школым и унафэщI КIуж Ритэ зыщымысхьыжу сабийхэм я нэIэ тетщ. Художник, IэщэщI цIэрыIуэ Корешков Андрей и жэрдэмкIэ, ди школым дерсхэр къыщызэдгъэпэщауэ гильдием и IэпщIэлъапщIэхэм щрагъаджэ. Си щхьэкIэ етIуанэ курсым сыщыщIэсаращ си IэщIагъэм зыщызгъэгъуэзэн щыщIэздзар. Ди еджакIуэхэр 4 - 5-нэ классхэм щыщIэдзауэ гъущIым йолэжь, - жеIэ Аслъэн, икIи дыщIегъу и хъуэпсапIэр - Налшык сабийхэм щадэлажьэ, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщ IэпщIэлъапщIэ цIэрыIуэхэр къыщедгъэблагъэ IуэхущIапIэ къыщызэIусхыну сыхуейт.

Гильдием зэрыхэтым и фIыгъэкIэ, Тумэ Аслъэн Iэмал иIэщ Къэрал тхыдэ музейм, Эрмитажым, Гохраным и лэжьыгъэхэр щигъэлъэгъуэну. Гильдием утыку къыщрахьэ хьэпшыпхэм, а зэгухьэныгъэм хэт IэпщIэлъапщIэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэ щIэныгъэлIхэм ечэнджэщын хуейщ. Кавказ Iэщэхэм фIыуэ хащIыкI Мейкъуапэ щыщ гъукIэхэу Хьэщхъуэжь Арсенрэ Джатэжьей Анзоррэ. Iэщэр нэхъ псынщIэху нэхъыфIщ, - жеIэ Аслъэн. - Пасэм щыгъуэ Iэщэм лъэпкъ дамыгъэ традзэу, ар зыхуащIам е ар зыгъэхьэзырам и цIэр, щащIа гъэр традзэу, дыжьыныпскIэ ягъэдахэу щытащ. Iэщэм и инагъыр, абы тетыну дамыгъэхэр къыхах ар зезыхьэну цIыхум теухуауэ. IэщэфI гъэхьэзырыным мазэ зыбжанэ токIуадэ икIи абы цIыху зыбжанэ йолэжь.

Тумэм и лэжьыгъэхэм гупсысэ ящIэлъщ, IуэрыIуатэм къыхэщ лIыхъужьхэр, лъэпкъ дамыгъэхэмрэ тхыпхъэхэмрэ хиухуанэурэ егъэдахэ. Апхуэдэу хъуми, и зэфIэкIымрэ и IэщIагъэмрэ я фIагъым иджыри хигъэхъуэн, щIэхэм зыхигъэгъуэзэн хуейуэ къелъытэр.

Зи IэщIагъэм и щэху куэдым щыгъуазэ Аслъэн къегъэсэбэп гъущIыр, жэзыр, дыжьыныр, пхъэр, фэр, мывэр, къупщхьэр. Ар ящыщщ Урысейм и IэпщIэлъапщIэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм. Аслъэн и IэрыкI дэтхэнэри гъуазджэ лэжьыгъэ мэхъу, аращ щIэупщIэ щIаIэри.

Тумэ Аслъэн и IэрыкIхэр щигъэлъэгъуащ Москва, ХудожествэхэмкIэ Урысей академием щызэхэта лъэпкъыбэ гъэлъэгъуэныгъэм. Ар хэтащ Грозны къалэм 2013 гъэм щыIа «Урысей Ипщэ» XI художественнэ гъэлъэгъуэныгъэм. Iэщэщlым и лэжьыгъэхэм фIагъ зэраIэм и щыхьэтщ зи цIэ къитIуахэми нэгъуэщI зэхыхьэхэми я щIыхь тхылъхэр къызэрыхуагъэфэщар.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Грузиеми Урысейми я чемпион Хьэпэ Заур

ди газетым щигъэкIуащ и сабиигъуэм щыщ Iыхьэ гуэрхэр

Дыгъуасэ зи ныбжьыр илъэс 60 ирикъуа гъуащхьэтет цIэрыIуэ Хьэпэ Заур фIэкIа Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъуэщI зы футболисти къихъуакъым командэ зэмылIэужьыгъуэхэм яхэту къэралитIым я чемпион хъуауэ. Дэ абы икъукIэ дрогушхуэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ и сабиигъуэм щыщ Iыхьэ гуэрхэр ди редакцэм щигъэкIуащ: и анэ ТIэш (Хьэпэ) Анинкэ (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI!) адыгэ газетым и корректору илъэс куэдкIэ лэжьащ икIи къызыхуигъэнэн щыщымыIэм и деж и къуэ цIыкIур «здигъэIэпыкъуну» къыщызлишэ щыIэт.

IЭПЩЭ Александр и цIэр зезыхьэ футбол школ хэхам и гъэсэн Хьэпэ Заур япэ дыдэу Налшык и «Спартак»-м щыджэгун щыщIидзам и ныбжьыр иджыри илъэс пщыкIуий хъуатэкъым: 1981 гъэм Ставрополь «Динамо»-м щыIущIэну кIуауэ ди командэм и гъуащхьэтет Кокорин Николай сымаджэ хъуащ икIи икIэщIыпIэкIэ ар хъуэжын хуейти, Хьэпэ Заур гъуэм дагъэуващ.

Джэгум щIидзэри дакъикъибл дэкIауэ арат Заур топ къыщыхудагъэкIам. ЩIадзапIэр узэмыхъуэпсэнт. АрщхьэкIэ гъуащхьэтет щIалэщIэм къыдэджэгу нэхъыжьыIуэхэу Бэч Русланрэ Наурыз Басиррэ къыбгъэдыхьэри, къыжраIащ къэхъуаишхуэ зэрыщымыIэр икIи, адэкIэ нэхъ тегушхуауэ гъуэм дэтмэ, псори тэмэм зэрыхъунур. Апхуэдэуи къыщIэкIащ - джэгур зэрытемыгъэкIуауэ, 2:2-уэ, иухащ, Заури тренерхэм я щытхъу къилэжьащ.

Дзэм ираджэхукIэ Хьэпэр Налшык и «Спартак»-м и гъуащхьэтету щытащ. И чэзур къыщысым армэм дашри Дон Iус Ростов и СКА-м хагъэхьащ. ИужькIэ къигъэзэжри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр ихъумащ.

Зи зэфIэкIыр лъагэ адыгэ щIалэщIэр 1986 гъэм Мэзкуу и «Спартак»-м ирагъэблэгъащ. Абы хэту къыкIэлъыкIуэ илъэсым зыIэригъэхьащ япэ саугъэт лъапIэр - СССР-м ФутболымкIэ и федерацэм и кубокыр. КъыкIэлъыкIуэу Ярославль и «Шинник»-м хэтащ. Футболист икIи тренер цIэрыIуэ Кипиани Давид иригъэблагъэри 1988 - 1990 гъэхэм Тбилиси и «Динамо»-м и гъуэм дэтащ икIи Куржым и чемпионатым и дыщэ медалхэр къиихьащ. Абы щыгъуэм «Динамо»-м и цIэр «Иберия»-кIэ яхъуэжат.

Хьэпэ Заур и вагъуэр нуру щыблар Владикавказ и «Спартак-Алания»-м щыджэгуа 1991 - 1999 гъэхэращ. Ди гъунэгъухэм яхэту и ныбжьыр илъэс 31-рэ щрикъу махуэ 1995 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м ар Урысей Федерацэм и чемпион хъуащ. КъыкIэлъыкIуа 1992, 1996 гъэхэм дыжьын медалхэр зыIэригъэхьащ. Ар щыщ хъуащ къэралым и гъуащхьэтет нэхъыфIхэм икIи Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам 1994 гъэм хагъэхьащ. Къэралым и футболист нэхъыфI 33-м 1993 - 1995 гъэхэм зэкIэлъхьэужьу хабжащ.

2000 гъэхэм и пэщIэдзэм Хьэпэ Заур Мэзкуу Iэпхъуащ. Ар ирагъэблэгъащ абы и «Локомотив»-м щыджэгуну икIи илъэс зыбжанэкIэ зыхэта командэ цIэрыIуэм аргуэру тIэунейрэ къэралым и чемпион щыхъуащ, Урысей Федерацэм и кубокыр къиихьащ.

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам щригъэкIуэкIа зэIущIи 4 къищынэмыщIауэ Хьэпэр Чемпионхэм я лигэм, УЕФА-м и Кубокым щIэбэнащ. Абыхэм Европэм и командэ лъэщхэм ехъулIэныгъэкIэ щапэщIэтащ.

Топ джэгуныр иуха иужькIэ «Локомотив»-м и тренер хъуащ, Пермь и «Амкар»-м, Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-м, «Спартак-Налшыкым» я гъуащхьэтетхэр игъэсащ.

Куэд щIакъым «Матч!» телеканалым ди лахэгъу цIэрыIуэм интервью ин икIи хьэлэмэт къызэрыIихрэ. Ди гуапэу абы щыщ пычыгъуэхэм фыщыдгъэгъуэзэнщ:

- Я ныбжьыр илъэс дапщэ хъуху-кIэ гъуащхьэтетхэр зыгъасэхэр тэмэму зэрылэжьэфынур?

- Ар куэдым елъытащ. ДэIэпыкъуэгъу уиIэмэ, нэхъ тыншщ, «Зенит»-м е «Рубин»-м зэрыщыгъэувам хуэдэу. Уи закъуэмэ, нэхъ хьэлъэщ.

- Дауи, уи ныбжьыр хэкIуэтэхукIэ топым зыкIэлъыбдзыну нэхъ гугъущ. Уэ ар иджыпсту дауэ къохъулIэрэ?

- ЗыкIи къызэмыхьэлъэкIыу. «Алания»-р чемпион зэрыхъурэ илъэс тIощI щрикъур щагъэлъапIэм джэгум и зы Iыхьэ сфIэфIу есхьэкIыфащ. Тренерым и дежкIэ ныбжьым мыхьэнэшхуэ иIэкъым, уи гъэсэнхэм ебгъэщIэнрэ ебгъэлъагъунрэ уиIэмэ.

- Уи хьэлъагъыми щIебгъэгъу хуэдэкъым. Гугъу абы утетыну?

- КъызыхэкIари сщIэркъым, ауэ си хьэлъагъыр иджы тэмэму зэтеуващ. Сыщыджэгум абы хуабжьу гугъу сыдехьырт. Къыщыхъуа щыIэщ си хьэлъагъым зэрыщIезгъэгъуам щхьэкIэ ди тренер нэхъыщхьэ Газзаев Валерий къызэрызэтхьэкъуа ахъшэмкIэ сызыхэт гупым зэрызагъасэ Iэмэпсымэ, хьэпшып куэд къыщищэхуа. Отпуск дыкъызэрикIыжу абы дригъэшэчырти, занщIэу къыдэтхьэкъурт. Сыт сщIэми сыпэмылъэщу, хьэлъагъ лей сиIэу зыгъэпсэхугъуэм сыкъикIыжырт. НэгъуэщIуи хъунутэкъым - апхуэдизрэ умылъэгъуа благъэ-Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм фIыуэ уамыгъэхьэщIауэ укъаутIыпщынт?!

- Осетин дэлэнхэм ящыщу сыт хуэдэр нэхъ пфIэфI?

- Лы зыдэлъыр. Ауэ сэ сыосетинкъым, сыадыгэщ. Дэри лъэпкъ шхыныгъуэ телъыджэ куэд диIэщ.

- Налшыкдэсхэм куэдрэ уахэтакъым. Дон Iус Ростов, Тбилиси, Владикавказ, Мэзкуу къалэхэм нэхъ ущыджэгуащ. «Спартак»-м езы Бесков дыдэм уригъэблэгъар пэж?

- Зэрыщытар мыращ. 1986 гъэм Налшык и «Спартак»-м дэщIыгъуу IуащхьэмахуэIэ лъапэ зыщыдгъасэрт. Бесковым Кисловодск зыщигъэпсэхурт. Абы Шубинымрэ Покровскэмрэ къигъакIуэри, хъыбар къысIэригъэхьащ Мэзкуу срагъэблэгъэну зэрыхуеймкIэ. Зэман дэкIщ, къызэджэри, къалащхьэм сыкIуащ. Мэзкуу и «Спартак»-м и хэщIапIэ Тарасовкэр къэзгъутрэ сыдыхьэмэ, къэралым и командэ къыхэхам щыджэгу футболист цIэрыIуэхэу Дасаевым, Хидиятуллиным, Бубновым, Радионовым, Черенковым, нэгъуэщIхэми загъасэри губгъуэм итщ. ЗанщIэу зыкъэзгъэзэу сыкъыдэкIыжын си гугъащ. АрщхьэкIэ «Спартак»-м и администратор Хаджи Александр сыкъызэтригъэувыIащ. Тренировкэр яухри, Бесковыр къызбгъэдыхьащ: «Спартак»-м ущыджэгуну ухуей?» УпщIэм и жэуапыр хьэзырт: «НтIэ!» Апхуэдэу гуп цIэрыIуэм сыкъыщыхутащ. Ярославль и «Шинник»-м бэджэнду сратыхукIэ илъэсрэ ныкъуэкIэ Дасаевым и гъусэу зызгъэсащ икIи куэд зэзгъэщIащ. Абы щыгъуэм «Спартак»-м гъуащхьэтету 6 иIэт, Дасаевымрэ сэрэ къищынэмыщIауэ, Черчесоври Стаучи яхэту.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Мырзэ Резуанрэ уэрэ къищынэмыщIауэ хэт сымэ къэралым и командэ къыхэхам зэгуэр ираджар?

- Ещтрэч Владимир. Абы сигъэсащ и гъусэуи сылэжьащ. ЩIэх-щIэхыурэ къытхохьэ, телефонкIэ дызэрощIэ. И цIэ къиIуапхъэщ Беляев Владимири.

- Яшиным и гъусэу джэгуара?

- НтIэ. Аращ Налшык сыщызыгъэсари. Илъэс пщыкIутIкIэ Мэзкуу и «Динамо»-м хэтащ. Сэ ар джэгуу слъэгъуакъым, ауэ зэрыжаIэжымкIэ, гъуащхьэтет телъыджэт. Пщэдджыжьым сыхьэтихым дыкъыщихурти, Сабий стадионым дыкъыщрихуэкIырт. Гъуащхьэтет къысхэзыщIыкIар аращ. Сымаджэ хъуа иужькIэ езыми и унагъуэми зэрыслъэкIкIэ садэIэпыкъуащ.

- Къэралым и командэ къыхэхам щебгъэкIуэкIа зэIущIэхэм я гугъу къытхуэщIыжыт.

- 1994 гъэм щыIэну дунейпсо чемпионатым и пэ къихуэу къэралым и футболист нэхъыфI 14-м ткIийуэ къагъэуващ Садыриныр, Сёминыр, Игнатьевыр я тренеру мыджэгуну. Ахэр къытхэмыту зы гуп дызэхуашэсри, США-мрэ Мексикэмрэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр щедгъэкIуэкIыну дашащ. Сэ а тIуми Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и гъуэр щысхъумащ. Зым дызэрыщытегъэкIуакъым (1:1), адрейм 4:1-уэ хэгъэрейхэм дащефIэкIащ.

Мэзкуу дыкъэкIуэжри, къыджаIащ дунейпсо чемпионатым дызэрыкIуэр. Фащэхэр къыдатащ, визэхэр ягъэхьэзыращ. А псори зэфIэкIа иужькIэ, зи гугъу тщIа футболист 14-м кърагъэгъэзэжри, дэ лей дыхъуащ.

- А лъэхъэнэм «Спорт Экспресс» газетым тетащ «Хапов снова в ударе!» тхыгъэ кIэщIыр.

- СощIэж. Сан-Маринэм и командэ къыхэхам «Лужники» стадионым дыщыдэджэгуауэ, Биджиев Хьэсэнбий и автомашинэмкIэ сыкъишэжырт. МВД-м пэгъунэгъу дыдэу къэувыIэри, езыр тыкуэным щIыхьащ, тшхын къищэхуну. Автомашинэм IункIыбзэIухыр къринащ, сэри абы сисщ. Зэрэ тIорэ блэкIщ, гъунэгъу зыкъысхуищIри, зы щIалэжь гуэр тутын езгъэфэну къызэлъэIуащ. СызэремыфIэр щыжесIэм, бжэр Iуиудри, сыкърилъэфу щIидзащ. Адрей и гъусэм рулым здидзащ, автомашинэр ирихужьэну. ЗэрызгъэзэщIэгъуэнур сщIэркъым: уплъэмэ МВД-р уолъагъу, уэрамым цIыхухэр куэду щызокIуэ. АрщхьэкIэ къысщхьэщыжыну зыми зигъэхьэзырыркъым. Арати, зыкъэсшэщIри, къызэныкъуэкъум сыкъыхэуащ. Ар зэрыджалэр щилъагъум, модрейми зричыжащ. Хьэсэнбий къэсыжати, абы кIэлъыжащ. Сэри, къизудар къыщылъэтыжащи, сыкIэлъыщIэпхъуащ. Сытми, цIыху Iувым яхэлъадэри, ахэр тIэщIэкIащ. ДыкъызэщIэплъауэ ди автомашинэм дыкъыщыIухьэжым гу лъыстащ, пальто щхъуафэ зэрысIэщIэлъыр - къыстеуам сыщеныкъуэкъум къыщыстхъауэ арат. Абы иужькIэ «Спорт Экспресс»-м а зи гугъу пщIа тхыгъэр къытехуащ.

- 1995 гъэм «Алания»-м ухэту къэралым и чемпион узэрыхъуам папщIэ къыпхуагъэфэща «Мерседес»-р дауэ хъуа?

- Ар занщIэу сщэжри, нэгъуэщI къэсщэхуат. Саугъэт къытхуащIа автомашинэхэм щхьэж зэрихьэ номерым теухуауэ хагъадэрти, сэ япэу къыслъысат икIи сызыхуейр къыхэсхат.

- Грузием къыщыпхьа дыщэ медалыр уиIэж?

- Шэч хэмылъу. Ар медаль къызэрыгуэкIкъым, атIэ Грузиер Совет Союзым къыщыхэкIыжа япэ илъэсым щыIа зэхьэзэхуэм къыпэкIуащ. Кавказым къыщалъхуахэр Тбилиси и «Динамо»-м сыт щыгъуи дэщIу щытащ. Сэри сыапхуэдэт. Абы сыщрагъэблэгъам дэрэжэгъуэ ин згъуэтат икIи сыкъыхэкIыжынутэкъым, ахэр СССР-м гуэмыкIатэмэ. Хуабжьу къысхуэгуапэхэт, зэIущIэ къэс стадионым цIыху мин 60 - 70 къекIуалIэрт. Кецбае, Цхададзе, Чедие, Гурули, Цаавэ, Цвейбэ, Кеташвили, Сванадзе я гъусэу сыджэгурт, Кипиани, Хурцилавэ, Гуцаев сымэ дагъасэрт. Гъуащхьэтет цIэрыIуэ Габелие дэрэ ныбжьэгъу дыдэ дызэхъуат, я уни сыщыхьэщIат. Сыту зэманыфIт ар!

Адыгэм и щIыхьыр ди къэралым, дунейм и щIыпIэ куэдым Хьэпэ Заур щиIэтащ. Совет Союзым и чемпионатым абы зэIущIэ 36-рэ щригъэкIуэкIащ. Урысей Федерацэм и лигэ нэхъыщхьэм зыкъыщигъэлъэгъуащ джэгугъуэ 204-м икIи абыхэм ящыщу 65-м и гъуэм топ къыдагъэкIыфакъым. Иужь илъэсийм ар зэпымыууэ Мэзкуу и «Локомотив»-м и гъуащхьэтетхэм я тренерщ, тренер нэхъыщхьэ къулыкъур щрихьэкIаи щыIэу. Дохъуэхъу иджыри куэдрэ и цIэр фIыкIэ къраIуэу утыку итыну и щхьэгъусэ Терезэ узыншэу къыкъуэту я бынхэу Лаурэрэ Артуррэ я насып ялъагъуну.

КЪЭХЪУН Бэч.

Хабзэр къызэпауд

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и СОБР-м, КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм я лэжьакIуэхэм, «Нелегал-2024» Iуэхум къриубыдэу къыщIагъэщащ Iэпхъуэшапхъуэхабзэрэкъызэпызыудахэр.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭР щекIуэкIащ Налшык къалэм щыIэ дакIуэ IуэхущIапIэхэм язым. НаIуэ къызэращIамкIэ, фабрикэм и унафэщIым лэжьыгъэм къыхишащ къуэкIыпIэ гъунэгъу къэралхэм ящыщ зым къикIахэр, Урысей Федерацэм и щIыналъэм щылэжьэну хуитыныгъэхэр зимыIэхэр.

Iуэхум къэрикIуахэмкIэ, хамэ къэрал щыщ цIыху щэщIрэ зым ехьэлIауэ административнэ жэуаплыныгъэмкIэ протоколхэр ятхащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

• Футбол

Зэрыпэмылъэщынур пасэу наIуэ хъуат

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Форте» (Таганрог) - 0:3 (0:2). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 19-м. ЦIыхуи 180-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Дорошенкэ (Краснодар), Багдасаров, Кокаев (тIури Влавдикавказ щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Лелюкаев, Молэмусэ, Далиев Дауд, Гъуэгузокъуэ, КIэдыкIуей, Далиев Дени (Жангуразов, 62), Селяев (Блий, 67), Хьэшыр, Мэшыкъуэ (ХьэцIыкIу, 62), ЛIуп.

«Форте»: Москаленкэ, Амиралиев (Канаев, 80), Муслуев, Гречкин, Николаев, Квеквескири (Косицин, 75), Карташов (Климов, 80), Шведюк, Колмаков (Кварацхелия, 75), Мелекесцев (Муромский, 85), Абакаров.

Топхэр дагъэкIащ: Николаевым, 7 (0:1). Абакаровым, 32 (0:2). Абакаровым, 71 (0:3).

Дагъуэ къыхуащIащ: Москаленкэ, Селяевым, КIэдыкIуейм.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр «Спартак-Налшыкым» къызэремыхъулIэр куэд щIауэ нэрылъагъущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэххэр абы зэригъэгубжьыр хуэдитIкIэ нэхъыбэщ щигъэгуфIэ закъуэтIакъум нэхърэ. Щхьэусыгъуэр мащIэкъым икIи ар икIэщIыпIэкIэ куууэ зэлэжьын хуей Iуэхугъуэщ.

Мис аргуэруи Налшык и «Спартак» стадионым къекIуэлIа цIыху щитI иримыкъум я нэхъыбэр зэбгрыкIыжащ джэгум и япэ Iыхьэр зэриухыу. ГурыIуэгъуэт ди щIалэхэр зыкIи зэрапэмыхъур Таганрог къикIа хьэщIэхэм.

Джэгур щIидзэри, дакъикъэ зытхух дэкIауэ арат, топыр къытхудигъэкIыу «Форте»-р япэ щищам. Пэжщ, иджырей «Спартак-Налшыкымрэ» абырэ иджыпсту зэгъэпщэгъуейщ: таганрогдэсхэр бжьыпэм щIэбэнрэ ищхьэкIэ дэкIуэтеину хущIэкъумэ, дыдейхэм я махуитIи джэгугъуитIи зэхуэдэкъым. Япэ топым етIуанэри къыкIэлъыкIуащ, зэIущIэр зэрыщIидзэрэ сыхьэт ныкъуэ фIэкIа дэмыкIауэ. АдэкIэ «Спартак-Налшыкыр» зыщыгугъын щыIэжтэкъым. Ар наIуэ дыдэ хъуащ джэгум и етIуанэ Iыхьэм. Ещанэ топри хэгъэрейхэм худагъэкIри, хьэщIэхэм текIуэныгъэр бжыгъэшхуэкIэ яхьащ.

Налшык щаIа ехъулIэныгъэм и фIыгъэкIэ «Форте»-м зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдыжащ. Зы джэгугъуэкIэ нэхъ мащIэрэ зэрыджэгуам щхьэкIэ къэмынэу ар «Динамо-Ставрополь»-м очкоитIкIэ япэ ищащ. Шакъ Ашэмэз и гъэсэнхэм куэд зыпэмыплъа щIэщхъу щэбэт кIуам къащыщIащ: я стадионым къыщрагъэблэгъа «Кубань Холдинг»-р къыкIэрыхухэм зэращыщым игъэбэлэрыгъащ икIи 1:2-уэ зытрагъэкIуащ. Арати, бжьыпэм щIэбэныныр икъукIэ гугъу зыщащIыжащ.

Аргуэрыжьти, и губгъуэм бжыгъэшхуэкIэ къыщыхагъэщIащ Черкесск и «Нартри». Кърымым къикIа «Рубин»-м абы жэуапыншэу топищ къыхудигъэкIащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхудощI Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым а махуэм щекIуэкIа адрей зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Алания-2**» (Владикавказ) - **3:0**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **3:1**, «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Строитель**» (Каменск-Шахтинск) - **1:1**, «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **2:0**, «**Нарт**» (Черкесск) - «**Рубин**» (Ялтэ) - **0:3**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **0:2**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - **1:2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Дагъыстэным и къалащхьэм щригъэкIуэкIынущ. Жэпуэгъуэм и 26-м ар абы щыIущIэнущ зэхьэзэхуэм и иужь дыдэ увыпIэм щыт Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-м.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Форте»	28	18	5	5	59-26	59
2. «Динамо-Ставрополь»	29	16	9	4	48-26	57
3. «Рубин»	29	17	4	8	43-25	55
4. «Ростов-2»	28	17	3	8	53-29	54
5. «Легион»	28	16	5	7	50-23	53
6. «Севастополь»	28	15	7	6	42-23	52
7. «Астрахань»	28	12	4	12	32-35	40
8. «Строитель»	28	10	9	9	32-30	39
9. «Нарт»	28	11	5	12	36-41	38
10. «Дружба»	28	11	3	14	36-37	36
11. «Ангушт»	28	7	14	7	21-21	35
12. «Кубань Холдинг»	28	8	8	12	24-33	32
13. «Спартак-Налшык»	**28**	**8**	**7**	**13**	**39-44**	**31**
14. «Биолог-Новокубанск»	28	8	5	15	37-47	29
15. «Победа»	29	6	8	15	31-46	26
16. «Алания-2»	29	4	5	20	21-77	17
17. «Динамо-2»	**28**	**3**	**5**	**20**	**16-57**	**14**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Кханшокъуэ Элдэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.466
Заказыр №2265
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь Кханшокъуэ Эллэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ (2, 4-нэ нап.), ДыщэкI Соня (1, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Елмэс ФатIимэ.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.